# O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI BILIMLENDIRIW WA’ZIRLIGI

# A’JINIYAZ ATINDAG’I NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

**Baslawish ta’lim metodikasi kafedrasi**

**Allanazarova Malikanin’**

# Baslawish bilimlendiriwde pedagogikaliq sheberlikti jetilistiriwdin’ a’hmiyetli ma’seleleri

Magistrliq dissertatsiyasi

Ilimiybasshi: p.i.d.prof. O’. Alewov.

No’kis-2015

Mazmuni

Kirisiw…………………………………………………………………………...3

**IBAP.Baslawishklassmug'allimlerinin' pedagogikaliqsheberligine qoyilatug'un tiykarg'i printsipler**

1. Baslawish klass mug'allimlerindegi pedagogikaliq sheberlikke qoyilatug'un tiykarg'i printsipler………………………………………………………8
2. Baslawish klass mug'allimi sheberligindegi teatralliq ha'm pedagogika …18
3. Mug'allimnin' so'ylew sheberligi onin' pedagogikaliq jetiskenliklerinin' deregi……………………………………………………………... .23

**II Bap. Mug'allimnin' qarim-qatnasi barisindag'i sheberligi. Sheberlikti aniqlaw ha'm en jaydiriw.**

1. Sabaq barisi ha'm ondag'i mug'allim sheberligi…………………………...30
2. Mug'allimnin' oqiwshilar menen qarim-qatnasi barisindag'i sheberligi…...39
3. Aldin'g'i pedagogikaliq sheberliklerdi aniqlaw, bahalaw ha'm en jaydiriw…………………………………………………………………...60

**Juwmaq**…………………………………………………………..…67

**Paydalanilg'an a'debiyatlar**………………………………………….....70

# Kirisiw

Oqitiwshiliq ka’sip-en’ ulli da, juwapkershilikli de ka’sip, onin’ ullilig’i sonda ha’r insan o’mir sirlarin u’yreniwde da’slepki qa’demin mug’allimnin’ u’yretken altin ha’riplerinen baslaydi.

Du’nyag’a belgili alimlarda, vrash, injener, kosmanavt, qullasi ba’rshe insanlardi qolina da’slep qa;lem uslatip du’nyanin’ barliq sirlarinin’ giltin ashiw jollarin u’yretiwde jaliqpag’an ustazlari aldinda bas iyeri so’zsiz. Al, bul ka’sptin’ na’zik juwapkershilikli tamani sonda xalqimizdin’ keleshegi bolg’an jas awladtin’ ha’r ta’repleme rawajlang’an azamatlar bolip jetilisiwinde bilim beriw menen birge olardin’ o’mirge degenjeke ko’z qarasinin’ qa’liplesip, o’mirde o’z jolin duris tan’lap, insanity adamgershilikli pa’ziyletlerdin’ iyesi boliwg’a ta’rbiyalap baradi. Sonliqtan o’mir degen qiri menen siri mol da’rbent uzaq jolg’a tu’siwde, jaslarg’a tuwri jol tan’lawda o’zinin’ isi, ju’risi turisi, minez-qulqi,so’zi,adamgershilik qa’siyetleri menen u’lgi bolatug’inda usi a’diwli ustazlar.

G’a’rezsiz O’zbekistannin’ rawajlaniwi, uliwma, xalqimizdin’ keleshegi mu’g’allimge, onin’ bilim da’rejesine, tayarlig’ina, shaqqanlig’ina jas a’wladqa bilim ha’m ta’rbiya beriw isine baylanisli. Sonliqtanda oqitiwshi ja’miyettin’ rawajlaniwinda orayliq tulg’a bolip tabiladi.

Ha’zirgi waqitta ja’miyetimiz jaslarg’a ta’biya beriw isinde mug’allimler aldinda u’lken waziypalar qoymaqta.

Pedagogikaliq sheberliktin’ o’zgeshelikleri usi xizmettin’ maqsetinde obiektinde ha’m sabaqliq pedagogikaliq xizmet subiektinde ko’rinedi.

Pedagogikaliq xizmettin’ spetsipikaliq o’zgeshelikleri to’mendegishe:

1. Pedagogikaliq xizmettin’ na’tiyjesi ja’miyet ta’repinen aniqlanadi ha’m belgilenedi.

2. Pedagogikaliq xizmettin’ na’tiyjesi keleshekke bag’darlang’an boladi, yag’niy keleshek arqali sa’wlenedi.

Xaliq bilimlendiriw tarawinda Bilimlendiriw haqqindag’i nizamg’a ha’m Kadrlardi tayarlawdin’ milliy da’sturine muwapiq u’lken o’zgerisler bolip atir. O’sip kiyatirg’an jas a’wladti xaliqtin’ milliy da’sturleri tiykarinda ta’rbiyalaw waziypasin sheshiw a’melge asirilmaqta. Bul bag’darda, a’lbette, oqitiwshilardin’ joqari bilim, ka’siplik bilim, talent ha’m pedagogikaliq sheberlik talap etiledi. Sol sebepli ha’zirgi da’wir mug’allimi

- ja’miyettin’ sotsiyalliq-psixologiyaliq jag’dayin ha’m rawajlaniwinin’ teren’ tu’siniwi ha’m bahalay biliwi;

- pedagogikaliq xizmetke uqipli, do’retiwshi ha’m isbilermen boliwi;

- milliy ma’deniyat ha’m uliwma insanity qa’diryatlardi, du’niyaliq ilimlerdi teren’ iyelegen, ruwxiy jetilisken;

- ka’siplik bilimlerdi, psixologiyaliq, pedagogikaliq bilim ha’m sheberlikti teren’ iyelegen;

- aniq pedagogikaliq waziypani sheshe alatug’un, ha’r qanday pedagogikaliq sha’rayatlardan shig’a alatug’un;

- oqitiwshiliq ka’sibin balalardi jaqsi ko’retug’un, olardin’ ha’r ta’repleme rawajlaniwina imkaniyat jarata alatug’un;

- jeke oqitiwshinin’ ha’m ja’miyettin’ rawajlaniwin joalastira biletug’un;

- ta’lim ha’m ta’rbiya islerine sheberlik penen basshiliq ete alatug’un;

- oqiw-ta’rbiy isinin’ metodlarin, qurallarin, printsiplerin sho’lkemlestiriw tu’rlerin duris tan’lay biletug’un ha’m sabaqtin’ maqsetine muwapiq qollanatug’un;

- oqiwshilardin’ minez-qulqin, ta’rtibin, ha’reketin ha’r ta’repin u’yrenip olar menen jeke qatnasta bolip, ruwxiy rawajlaniwina ta’sir ete alatug’un;

- oqiwshilarg’a duris talap qoya biletug’un ha’m olardin’ xizmetin a’dil bahalaytug’un;

- o’z is ta’jriybesin teoriyaliq ha’m a’meliy jaqtan bayitip baratug’un;

- pedagogikaliq protsseste oqtiwshilardin’ alding’I ta’jiriybelerin qollap-quwatlaytug’in ha’m o’zinin’ is ta’jireybesinde o’nimli paydalanatug’in boliwi kerek.

Usilardin’ ha’mmesi ustazliq ka’sibine qoyilatug’in tiykarg’I talaplar bolip esaplanadi.

Bul magistrliq dissertatsiyasi jumisinda bolajaq mug’allimlerdin’ pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw-sapali kadr tayarlaw kepilligi ma’seleleri qaraladi.Jumis 2014-2015 jillari barisinda orinlandi.

**Izertlewdin’ maqseti:** Baslawish ta’lim mug’allimlerinin’ pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw-sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenligin aship beriw ha’m a’meliy ta’repten tiykarlap a’meliyatta qollaniwg’a usinis jasaw.

**Izertlewdin' waziypalari:**

1. Baslawish klass mug'allimlerindegi pedagogikaliq sheberlikke qoyilatug'in tiykarg'i printsiplerdi aniqlaw.

2. Mug'allimnin' sheberligindegi teatralliq ha'm pedagogikaliq ma'selelerdin' baylanislilig'in tu'sindiriw.

3. Mug'allimnin' so'ylew sheberligi onin pedagogikaliq jetiskenliklerinin' deregi ekenligin tu'sindirip beriw.

4. Sabaq barisi ha'm ondag'i mug'allim sheberliginin' a'hmiyetin aship beriw.

5. Mug'allimnin' oqiwshilar menen qarim-qatnasi barisindag'I sheberliginin' man'izin tu'sindiriw.

6. Alding'i pedagogikaliq sheberliklerdi aniqlaw ha'm en jaydiriw.

**Izertlewdin' obiekti:** Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw-sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenligin a'melge asiriw protsessi.

**Izertlewdin' predmeti:** Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw-sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenligin a'melge asiriwdin' teoriyaliq ha'm a'meliy tiykarlari.

**Izertlew metodlari:**Temag'a baylanisli a'debiyatlardiu'yreniw pedagogikaliq baqlaw, anketalar aliw, test sinaw islerinen aling'an na'tiyjelerdi matematikaliq statistika metodlari ja'rdeminde tallaw jasaw h.t.b.

**Izertlewdin' ilimiy jan'alig'i:**

1. Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw, sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenligin a'melge asiriwdin' teoriyaliq ha'm a'meliy tiykarlari Qaraqalpaqstan mektepleri sha'rayatinda islep shig'ildi.

2. Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw, sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenligin a'melge asiriwdin' optimallastiriwshi ha'm intensivlestiriwshi faktorlari aniqlandi.

3. Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw, sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenliginin' ilimiy –teoriyaliq tiykarlari jaratiladi.

4. Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw, sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenligin sho'lkemlestiriwdin' metodlari islep shig'iladi.

5. Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw, sapali kadr tayarlaw kepilligi ekenligi ha'm bulardi qollaniw boyinsha metodikaliq usinislar islep shig'ildi.

**Izertlewdin' a'meliy a'hmiyeti:**

1. Baslawish ta'lim mug'allimlerinin' pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw, sapali kadr tayarlaw kepilligi sipatinda «Pedagogikaliq sheberlik» pa'nin jan'a Qaraqalpaqstan mektepleri sha'rayati ma'teriyallari menen bayitildi.

2. Alding'i pedagogikaliq sheberliklerdi aniqlaw ha'm en jaydiriw islerin sho'lkemlestiriwde metodikaliq qollanba sipatinda paydalaniw ushin a'hmiyetke iye.

Jumis eki baptan turadi.Birinshi babinda baslawish klass mug'allimlerindegi pedagogikaliq sheberlikke qoyilatug'un tiykarg'i printsiplerdi aniqlaw.Baslawish klass mug'allimi sheberligindegi teatralliq ha'm pedagogikaliq ma'selelerdin' baylanislilig'in aniqlaw.Mug'allimnin' so'ylew sheberligi onin' pedagogikaliq jetiskenliklerinin' deregi ekenligin tu'sindirip beriw mashqalalari so'z etilgen.

Al ekinshi babinda bolsa, baslawish klasslarda sabaq barisi ha'm ondag'i mug'allim sheberliginin' a'hmiyetin ashipberiw.Mug'allimnin' oqiwshilar menen

qarim-qatnasi barisindag'i sheberliginin' man'izin tu'sindiriw. Alding'i pedagogikaliq sheberliklerdi aniqlaw ha'm en jaydiriw ma'seleleri so'z etilgen.

Jumis eki bap, alti paragraf ha'm kirisiw, juwmaq, sonday-aq paydalanilg'an a'debiyatlar diziminen turadi. Uliwma ko'lemi 71 betten ibarat.

## I BAP. Baslawish klass mug’allimlerinin’ pedagogikaliq sheberligine qoyilatug’un tiykarg’i printsipler

### 1. Baslawish klass mug’allimlerindegi pedagogikaliq sheberlikke qoyilatug’un tiykarg’i printsipler

Oqitiwshiliq ka’sibi bir qa’lipte islewdi, zaman talabinan artta qaliwdiqa’lemeydi. O’mirin usi ka’sipke bag’ishlag’an adam o’z ta’rbiyalaniwshilarinda qa’liplestirmekshi bolg’an pa’ziyletlerdin’ ha’mmesine en’ aldi menen o’zi iye boliwi kerek.

“Oqitiwshi balalarimizg’a zamanag’oy bilim bersin dep talap qilamiz dedi, Prezidentimiz I.A.Karimov lekin, zamzanag’oy bilim beriw ushin, a’weli ta’rbiyashinin’ o’zinde sonday bilimge iye boliwi kerek”. A’lbette, jan’ash pikirli adamdi tek jan’ash adam g’ana ta’rbiyalawi mu’mkin. Bizin’ ja’miyetimizde mug’allim-balalardi keleshek haqqindag’I armanlari menen ruwlandiriw, keleshek idyalardi ha’zirden baslap bekkemlewge u’yreniw ushin, keleshekke isenetug’in ha’m balalardi da’lilli pikirleri menen isendiretug’in insan.

Mug’allimnin’ o’zi shaxs (jeke adam) boliwi kerek, sebebi jeke adamdi jeke adam g’ana ta’rbiyalap beriwi mu’mkin, onin’ o’zi joqari adamgershilikli boliwi kerek. Sebebi balag’a insaniyliqti ju’rek to’rinen g’ana beriw mu’mkin.Sonin’

menen birge teren’ bilimli do’retiwshi boliwi da’rkar. A’lbette, baladag’I bilimge degen qizig’iwshiliqti bilimli adam g’ana oqitiwi mu’mkin. Mug’allim oqiwshilarg’a a’depsizlik penen qarim-qatnas jasawina bolmaydi.Dawisin orinsiz ko’teretug’in, o’zin tuta almaytug’in mug’allimler oqiwshilardi a’depli, jaqsi so’ylep, unamli qatnasta boliwg’a u’yrete almaydi.

Sonin’ ushinda mug’allimnen joqari teoriyaliq ilimiy ha’m a’meliy tayarlig’I, pedagogikaliq waziypa ha’m sha’rayatlari sheshiwde do’retiwshilik, pedagogikaliq sheberlik talap etiledi. Pedagogikaliq sheberlik oqitiwshilardan o’zinin’ dawisi, mimikasi, taxti, minez-qulqi, qa’bileti ha’m talanti arqali ta’sir etiw uqibin talap etedi. Keleshekte pedagogikaliq oqiw orinlarinda dawisti, o’zinin’ dene qurilisin uslap tutiwi boyinsha sabaqlar o’tiliwi kerek.

Sheber mug’allim ol o’z isinin’ ustazi.Ol eki ta’repleme sheberlikke iye. Birinshiden balalardin’ psixologiyasin jaqsi tu’sinedi, ekinshiden ta’lim ha’m ta’rbiyanin’ barliq usillarin toliq o’zlestirgen.

Sheberlik bul ha’rekette ko’rinedi.Ol pedagoglardin’ joqari na’tiyjege erisiw maqsetindegi pedagogikaliq is ha’reketinin’ en’ joqari da’rejesi menen aniqlanadi.

Pedagogikaliq sheberlik bul ha’r bir ta’rbiyashinin’ aldina adamdi qa’liplestiriw maqsetine bir adamnin’ ekinshi bir adamg’a ta’sir jasaytug’in ja’miyetlik qatnasi bolip esaplanadi. Mug’allim o’z pa’ninen oqitiw, bilim beriw ja’nede ol arqali oqiwshini maralliq, estetikaliq ha’m a’dep-ikramliliq jaqtan ta’rbiyalaw ma’seleleri bul onin’ aldindag’i tiykarg’i maqsetlerinin’ biri boladi. Mug’allim oqiwshilarina bilim bergende oni oqiwshi a’piwayi, qurg’aq qabil etiwden saqlaniw kerek.

Bug’an jetisiw ushin mug’allimge pedagogikaliq sheberlik, ta’jriybe za’ru’r boladi.O’z maqsetin toliq iske asiriw ushin pedagok ba’rhama izlenip bariwi kerek.Ha’r bir pedagok mekteptegi ma’deniy jumislardin’ sheber sho’lkemlestiriwshisi en’ aldi menen en’ jaqsi ta’rbiyashisi bola aliwi kerek.

Jaslardin’ ruwxiy baylig’inin’ tiykarin du’ziwde, olarg’a xaliq pedagogikasin en’ jaqsi u’lgilerin sin’diriwde ta’rbiyashinin’ shan’araqtin’ sonin’ menen qatar xalqimizg’a ruwxiy do’retiwshilik belsendilik bag’ishlaytug’in bilimlendiriwdin’ ro’li joqari bolip esaplanadi. Jaslarg’a ta’lim ta’rbiya beriwshi mug’allim aldi menen pedagogikaliq sheberliktin’ sirlarin men’gergen boliwi za’ru’r.

Mug’allim miynetin hesh na’rse menen ten’lestirip, hesh na’rse menen salistirip bolmaydi.Tigiwshi bir saattan keyin-aq o’z miynetinin’ jemisin ko’redi.Temirshi bir neshe saatlardan keyin-aq materiallardin’ otli ag’imina qarap quwanadi. Bul onin’ a’rmaninin’ shini jer aydawshi, sebiwshi da’n o’ndiriwshi bir neshe aylardan nson’ atizdan o’ndirilgen masaqlarg’a ha’m qisimlag’an da’nine su’yenedi.Mug’allim bolsa o’zinin’ miynetinin’ jemisin ko’riw ushin bir neshe jillar miynet islewine tuwra keledi. Ha’r bir minutta, ha’r bir demde, mug’allim o’zinin’, otiz yamasa qiriq ta’rbiyalaniwshilarinan, usi demde onin’da ne oylap atirg’anin onin’ ishki du’niyasi ne menen toltirilg’an ha’m nelerge tolg’andiratug’in ko’re biliw kerek.

O’z miynetinin’ tabisin ha’m balalardi su’yiwdin’ za’ru’ligin o’tkendegi pedagoglarda qayta-qayta atap o’tken.

Mug’allimnin’ tek g’ana eki qa’siyeti, o’z miynetinin’ sheberi boliwi ushin, pedagogikaliq sheberlikti iyelew ushin imkaniyat jaratadi.

Pedagogikaliq sheberlik pu’tin bir komponentlerden quraladi. Ol pedagogikaliq ha’m psixologiyaliq ka’siplik bilim ha’m ka’siplilik uqipliliq, pedagogikaliq etika, pedagogika texnika boyinsha ilimiy bilimlerdi o’zine sin’dirgen. Mug’allim miynet xizmetinin’ protsessinde o’z isinin’ haqiyqiy sheberi boladi.

Pedagogikaliq sheberlik- bul en’ aldi menen mektebimiz aldinda turg’an siyasiy ha’m pedagogikaliq waziypalarg’a muwapiq pedagogikaliq sha’rayatlarda tabisli sheshiwge mug’allimdi shaqiratug’un ka’siplik bilim, uqipliliq ha’m ko’nlikpelerdi iyelewi.

Ka’siplik bilim-pedagogikaliq sheberliktin’ teoriyaliq tiykari bolip esaplanadi.Mug’allim oqiw orninin’ diywalinda-aq Ilimiy bilimler sistemasin tu’p-tiykarinan iyelewi kerek.

Pedagogikaliq, psixologiya pa’ni boyinsha bilimler pedagogikaliq sheberlikti iyelewde u’lken ro’l oynaydi.Mug’allim jiyi-jiyi ana tili, matematika boyinsha bilimlerdi tan’ qalarliq da’rejede iyelewi, biraq oni oqiwshilarg’a jetkerip bere almawi mu’mkin.Ilim tiykarlari menen de bilimlerge iye bolg’an ayirim mug’allimler klass penen baylanis jasay almaydi, balalar menen qarama-qarsiliq payda etedi, eregisedi. Bunin’ barlig’i mug’allimnin’ ta’rbiyaliq uqipliliq haqqinda jeterli da’rejede bilimlerdi iyelemegenligi derek beredi.

Mug’allim pedagogikaliq sheberlikti iyelew ushin tek g’ana o’z predmeti boyinsha bilimlerge iye boliwi jetkiliksiz. Ol pedagogika ha’m psixologiya boyinsha bilimlerdi teren’ iyelep ha’m barqulla toliqtirip bariwi kerek. Ilimiy psixologiyaliq pedagogikaliq bilimler sistemasin mug’allimge tek g’ana o’z klasi ayrim oqiwshilardi u’yrenip, olarg’a duris minezleme beriw menen sheklenbeydi, al balalar ja’ma’a’ti ha’m onin’ bir ag’zasin keleshektegi rawajlaniwin belgilewge mu’mkinshilik beredi. Mug’allim ta’rbiyashinin’ a’meliy ha’reketi- bul pedagogikaliq ma’selelerdi u’zliksiz sheshiwi degen so’z.

Tek g’ana o’zinin’ ka’siplik bilimin pu’tkil jiynag’an tvorshestvaliq qatnas penen qollanatug’in mug’allim g’ana oni tabisli sheshiwi mu’mkin.

Pedagogikaliq ha’m psixologiya boyinsha bilimler, belgili ta’rbiyaliq waqit bolg’anda payda bolatug’in, pu’tkil ko’p sanli sha’rayatlarg’a tayar juwaplardi beredi.

Mug’allim ta’rbiyaliq protsesstin’ uliwma nizamliqlarin biliw arqali, belgili sha’rayatti esapqa alip, oni o’z jumisinda do’retiwshilik jol menen qollanadi.

Pedagogikaliq xizmet protsessinde mug’allim ha’r qiyli ka’siplik ha’m jeke sipatlardi iyeleydi. Bul sipatlar bir-biri menen tig’iz baylanisqan ha’m olar mug’allimnin’ pedagogikaliq xizmetinde bir pu’tin bolip xizmet atqaradi.

Quramali ha’m ko’p qirli sipatlardin’, arnawli bilimlerdin’ ha’m ka’siplik ta’jriybelerdin’ u’ylesiwin pedagogikaliq uqipliliq dep ataw qabillang’an. Pedagogikaliq uqipliliq quramali qurilisqa iye.Pedagogikaliq uqipliliqlardi qa’liplestiriwge mug’allimlerdi tayarlaytug’in oqiw orinlarindag’i oqiw-ta’rbiya jumislari u’lken ta’sir jasaydi.Biraq keleshektegi ha’r bir mug’allim ha’zir mektepte islep atirg’an, o’zinde pedagogikaliq uqipliqlardi rawajlandiriwg’a qaratilg’an en’ joqari intasin ko’rsetiwi kerek.Pedagogikaliq uqipliliq tek pedagogikaliq xizmetinin’ sha’rayati g’ana emes, al onin’ na’tiyjesi.

Pedagogikaliq texnika- mug’allimge oqiwshilar ha’m olardin’ ata-analari menen qatnas jasag’anda duris o’rnek ko’rsetiwi mu’mkinshiligin beredi.Balalar menen a’depli, sipayi qatnas jasaw, mimikani, qol ha’reketin duris tan’lawdin’ barlig’i pedagogikaliq texnika tu’sinigine kiredi.

Ha’zirgi waqitta mug’allimnin’ pedagogikaliq sheberligine, onin’ aqilina ha’m ma’deniyatina ayiriqsha diqqat awdaradi, bul sheshiwge tuwra kelse, so’nshelli o’zinin’ pedagogikaliq sheberligin ba’rqullatekserip turiwinin’ balalar aqilina ha’m ju’risine en’ jaqsi jol izlewinin’ sha’rti ekenligi ko’rsetilgen.

Mug’allim ta’rbiyashi o’z ta’rbiyalaniwshilardin’ tek g’ana bilimler menen qurallandirip qoymaydi.Al olarg’a minez-qulqi, turmis mazmuni, o’zinin’ barliq ko’rinisi menen ta’sir jasaydi. Onin’ aqili ha’m ma’seniyati, a’depliligi ha’m adamgershiligi, ruwxiy sipatlari oqiwshilar ta’repinen, o’zinin’ tuwma belgisi sipatinda qabillandi. Sonin’ushin da mug’allim, ol qanday pa’ndi o’tiwine qaramastan o’spirimler ushin u’lgi boliwi kerek. Tiykarin aytqaninda, xaliq danalig’in, ruwxiy baylig’in, duniya ju’zi biliminin’ ha’m ma’deniyatinin’ en’ jaqsi jetiskenliklerin o’z boyina sin’dirip alatug’in ja’na urpaqti qa’liplestiriw kerek.

Ha’zir mekteptin’ aldinda en’ da’slep oqiw ha’m ta’rbiyaliq protsesslerdi ken’ tu’rde demokratizatsiyalawg’a, adamgershilik etiwge, pedagogikanin’ ha’m oqiwshilardin’ do’retiwshilik intasin qollawg’a, balalardi ha’m jaslardi oqitiwdag’i haqiyqiy o’zgerislerdin’ og’ada za’ru’ligine baylanisli ju’da’ a’hmiyetli ha’m qanday soziwg’a bolmaytug’in tiyanaqli sheshimlerdi talap etetug’in waziypalar turipti.

Bilimlendiriw mashqalalari adamdi izertlew bilimi menen sotsiyalliq protsesslerge jeke adamnin’ tutqan ornin tu’siniwi menen og’ada tig’iz baylanisli.Bul salada pedagogikaliq bilimler jeke adamnin’ mu’mkinshiliklerin, uqipliliqlarin, toliq iske asiriw jag’daylarin izlewde tezlestiredi.

Pedagogikaliq ilim mina to’mendegi mashqalalardi sheshiwi sha’rt. O’zi ha’m ja’miyet toliq payda ko’riwshi qanday a’detlerdi u’yreniw kerek ha’m qanday bilimdi iyelew lazim, ja’miyettin’ sotsiyalliq buyirtpasi moynina neni ju’klew da’rka’r. Ga’p qaytadan bilimlendiriwdegi standartqa barip tireledi. Bul ma’selenin’ tez arada islep shig’iliwi bolsa bilimlendiriwdin’ mazmunin talap etedi.

Ko’rip o’tkenin’izdey mug’allim mektepte orayliq tulg’a, mug’allimshilik ka’sip jumisinin’ tabisli boliwinin’ onin’ pedagogikaliq uqipliliqlarina baylanisli.Ol balalarg’a qizig’iwshiliq ha’m su’yispenshilik pedagogikaliq jumisqa qizig’iwshiliq psixologiyaliq ha’m pedagogikaliq jumisqa qiyal juwirtiw sho’lkemlestiriw uqiplari, talapshan’ ka’siplik jumis uqibi, ruwxiy pedagogikaliq bilimin ko’teriw boyinsha o’z u’stinde islewge tayar turiwi qa’siyetlerin qamtiydi.

Bilim dialektikasinin’ shegi joq.Bizin’ ha’r qaysimizg’a teren’ ha’m ha’r ta’repleme bilimler da’rka’r. a’ne solar en’ aqirinda haqiyqiy sawatli ha’m ma’deniyatli etedi, al diplom menen ataq haqiyqiy bilim menen ten’ kele almaydi.

Pedagogikaliqsheberlikti rawajlandiriw mug’allimdi tayarlawdag’i orayliq aspect bolip tabiladi. « Pedagogikaliq sheberlik tiykarlari» kursin, psixologiya,

pedagogika ha’m pedagogika tariyxi pa’nlerin u’yreniw talabalarg’a ka’sipke tayar turiwdi qa’liplestiriw logikasi haqqinda tu’sinik beredi.

Birinshi kursdan baslap ayriqsha diqqat ka’siplik xizmettin’ idealin qa’liplestiriwge awdariladi.

Pedagogikaliq sheberlik kursi studenttin’ pedagogikaliq ko’z-qarasin rawajlandiriwdi, ka’siplik ma’selelerdi tabisli sheshiwge ja’rdemlesedi.Bul pa’ndi u’yreniwde to’mendegi printsiplerge suyenedi.

Oqitiwdin’ ko’rip biliwdin’ pu’tinligi printsipi:

Bunda bilim a’melge sinalg’an ta’jireybe sipatinda o’zlestiriledi.Sabaq sonday du’zilgen boliwi kerek, onda temani teoriyaliq qag’iydalari piker ju’rgiziw barisinda ju’zege keliwi kerek.

Aktiv kommunikatsiya printsipi studentlerdin’ belsendiligin qa’liplestiriwge, bag’darlang’an tapsirmalar sistemasin islep shig’iwdan ibarat.

Pedagogikaliq ha’reketlerdi bo’leklerge bo’liw printsipi- bul ayirim usillardi izbe-iz o’zlestiriw maqsetinde ju’zege keledi.

Tu’sindirip bariw printsipi- qa’niygelikti pedagogikaliq sheberlik sabag’inda toliq o’zlestiriw, mag’liwmat berip, esapqqa alip bariw.

Bilim ha’m uqiptin’ baylanislilig’i printsipi-bul joqarg’I oqiw orinlarinda laboratoriyaliq jag’daylarina ju’zege shig’adi, talabalardin’ mekteplerde pedagogikaliq a’melyatta bolg’an waqitlarinda a’melge asiriladi.

Ka’siplik sheberliktin’ qa’liplesiwi institute o’mirin toliq pedagogikaliq tiykarinda quriliwi na’tiyjesinde tabisli boladi.

Estetikaliq sezim pedagogikaliq sheberliktin’ a’hmiyetli bo’legi.Mug’allim o’z sezimin jetkeriw ushin tildin’ intonatsiyaliq, funksiyaliq qurallarinan, mimikadan, xa’reketlerden dawis tolqinlarinan paydalaniwi tiyis.Mug’allim usinday qurallardan paydalaniwi arqali oqiwshilardi o’zine tartip aladi.Til

ja’rdeminde mug’allim oqiwshig’a o’z mu’na’sebeti arqali ta’sir jasay otirip, oni ko’z qarasqa, qatnas jasawg’a, a’dep ikramliliq ko’rsetiwge bag’darlaydi.

Estetikaliq seziwdin’ mug’allim ushin ju’da’ kerekli ekenligin aytiw kerek. Oqiw ta’rbiya jumislari ushin mug’allim seziminin’ tu’rlerin,ayirmashilig’in, o’zgesheligin, ko’rinisin biliw a’hmiyetli. Jeke adamnin’ ruwxiy du’niyasi- bul a’weli ra’n’-ba’ren’ ha’m u’zliksiz ta’shwishler, sezimler okeani eneni belgili.

Bular piker ju’rgiziw, erik a’dep-ikramliliq, bilimler ma’deniyatliq du’nyag’a bolg’an ko’z-qaraslar tu’sinikleri menen baylanisli pikir ju’ritiw ha’m sezimlilik garmoniyalarinin’ “basi” ha’m “ju’regi” mug’allimnin’ sheberligine tiykarlanadi.

Oqitiwdin’ ta’rbiyaliq a’hmiyetli ol qansha o’mir menen tig’iz baylanisli bolsa, sonsha joqari boladi ha’m oqitiwda o’z bilim ja’miyetlik paydali miynetke sonshama ken’nen qollana aladi.

Pedagogikaliq usil sistemasinda milliy ma’deniyattin’ o’zlestiriwdegi g’ana emes, ol ta’sir ko’rsetiw da’rejesinde de a’hmiyetli.Bular oqiwshilardin’ estetikaliq rawajlang’anin bildiretug’in jag’day.

Ha’r qanday ka’sip adamnin’ belgili bir da’rejede ka’sibine degen iykemdi talap etedi, za’ru’rli fizikaliq ha’m psixologiyaliq za’ru’rlerdi ha’m tiyisli rawajlaniwdi talap etedi. Misali: ushiwshilardin’ ko’riwshiligin, esitiwin, nerv sistemasin joqari fizikaliq ku’shlerge shidamlilig’in tekseredi.Vrashlardan, olardin’ a’depliligi, kishi peyliligi, g’amxorlig’i talap etiledi.Basshi orinlarg’a usinilg’anlardan olardin’ sho’lkemlestiriwshilik uqibi, adamlar menen til tabiwshilig’in esapqa aladi.

Adamnin’ ka’siplik jaramlilig’i- za’ru’rli uqipliliq, fizikaliq, nerv-psixikaliq sipatlari.Sonliqtan da ka’siplik jaramliliqti tek g’ana bilim menen o’lshep qoyiw u’lken qa’telik boladi.

Pedagogikaliq iskerlikke ka’siplik jaramliliq adamdi fizikaliq den-sawliqti, jaqsi so’ylew uqibi, nerv sistemasinin’ turaqlilig’i, o’zin uslay biliw shidamlilig’in talap etedi. Pedagogikaliq iskerlikke jaramliliqta to’mendegi jeke sipatlarda da esapqa alinadi, balalar menen islesiwge qizig’iwshiliq kommunikatiblik (adamlar menen so’ylesiwge umtiliwshiliq ha’m uqip) taktlilik, baqlawshiliq rawajlang’an sezim, sho’lkemlestiriwsdhilik uqip, o’zine joqari talapshanliq. Bunin’ barlig’I meditsinaliq ha’m psixologiyaliq, pedagogikaliq diagnostika tekseriwdin’ na’tiyjesinde pedagogikaliq ka’sipke jaramsizlig’I aniqlanadi. Sonliqtan mektepke pedagogikaliq sheberlikke iye emes ko’pshilik mug’allimlerdin’ keliwi oqiwshilardin’ oqiw ta’rbiya islerine keri ta’sir jasaydi.

Pedagogikaliq sheberliktin’, ka’siplik uqipliliqti iyelew ha’m jetilistiriw boyinsha oqitiwshi pedagogikaliq iskerliktin’ du’zilisine iye boliwi kerek.Psixologiyaliq- pedagogikaliq izertlewler oqiw ta’rbiya protsessine bir-biri menen tig’iz baylanisqan oqiwshilardin’ pedagogikaliq iskerligi tu’rlerin aniqlap beredi.

Oqiwshinin’ sho’lkemlestiriwshilik iskerligi oqiwshilarda ko’zde tutilg’an ta’rbiya jumisina qatnastiriw menen baylanisli.

Oqiwshilar menen ken’esiw, olardi isti jobalastiriwg’a aralastiriw, olardin’ aldina rawajlandiriwshi, ta’rbiyalawdi waziypalar, anaw ya’ki minaw a’meliy tapsirmani orinlaw ushin toparlarg’a bo’liw kerek.

Oqitiwshinin’ xabar jetkeriw-tu’sindiriw iskerligi ju’da’ u’lken a’hmiyetke iye. Barliq oqitiw ha’m ta’rbiyalaw qandayda tu’rde xabarlandiriwg’a tiykarlanadi. Bilimlerdi iyelew, du’nyag’a ko’z qarasi, a’dep-ikramliliq, estetikaliq ideyalardi iyelew, oqiwshilardi oy-o’risin rawajlandiriw ha’m qa’liplestiriwde a’hmiyetli qural.

Oqitiwshi bul jag’day da oqiw-ta’rbiya protsessin sho’lkemlestiriwshi bolip qalmastan, ol du’nyada ilimiy ko’z-qarasi, a’dep-ikramliliq, estetikaliq informatsiya bulag’i bolip esaplanadi.

Oqitiwshinin’ jeke a’dep-ikramliliq qa’siyetine, onin’ oqiwshilarg’a ta’sirine, til tabisi uqibina olar menen jaqsi qatnasiqlar orinlawg’a ozinin’ u’lgisi menen oqiwshilarda oqiw, miynet, estetika iskerlikke ha’m t.b. qiziwg’iwshiliqlardi oyata biliwine u’lken talap qoyiladi. Bunin’ ba’rin oqitiwshinin’ kommunikativ ku’sh beriwshi iskerligi quraydi.Bul iskerlik balalarg’a su’yispenshilik, jilli sezim olarg’a hu’rmet h.t.b. turadi.

Ta’rbiyalaniwshilar arasinda abroysiz, olar menen aqilg’a muwapiq, a’lpayim qatnasiqsiz ha’m taktsiz, talapsiz, sonin’ o’zinin’ minez-qulqin jetilistiriw boyinsha oqitiwshinin’ ba’rqulla o’z u’stinde islesiwsiz nag’iz ta’rbiya mu’mkin emes.

Analitiko- bahalaw iskerligi oqitiwshilarg’a oqitiw barisi ha’m ta’rbiya barisin analizlewgw, olarda unamli ha’m kemshilik ta’replerin aniqlawg’a erisken na’tiyjeni qoyilg’an maqset ha’m waziypa menen salistirip ko’riwde, ozinin’ jumisin basqa oqitiwshilar ta’jriybesi menen salistirip ko’riwge mu’mkinshilik beredi.

Izertlew-do’retiwshilik iskerliginin’ eki ta’repi bolip, ol u’lken a’hmiyetke iye.Olardin’ birinshisi pedagogikaliq teoriyani qollaniw oqitiwshidan belgili do’retiwshilikti talap etedi. Pedagogikaliq ha’m metodikaliq ideyalar oqiw-ta’rbiya islerine ta’n jag’daylardi ko’rsetip ayqin jag’daylardi ko’rsetedi. Birinshiden oqiwshig’a bir jag’dayda ja’rdem beriw, ekinshiden birge onin’ qilig’indag’i kemshilikti taliqlaw, u’shinshiden unamli minezin aytiw, to’rtinshiden ta’sir etiw kerek boladi. Ekinshi ta’repi belgili teoriyanin’ sizig’inan shig’ip ketetug’in jan’aliqti oylaw ha’m rawajlandiriw. Misali: teoriyaliq bilimdi praktikada qollaniw boyinsha didaktika bir qansha shinig’iwlar sistemasin usinis etedi.

Pedagogikaliq sheberlikti jetilistiriw ushin oqitiwshi ta’biyiy uqiplarg’a ( jaqsi dawis, esitiw, sirtqi shirayg’a, h.t.b.) iye boliwi kerek. Oqiwshinin’ psixo-pedagogikaliq tayarlig’i da u;lken a’hmiyetke iye boladi. Bug’an tomendegiler kiredi: pedagogikaliq uliwma sorawlarinda bag’dar, balalar menen islesiwde, oqiw,

ta’rbiyalawda psixo-pedagogikaliq nizamliqlardi biliw, sondayaq-aq jeke o’zgesheliklerin biliw. Eger oqitiwshi o’zin psixo-pedagogikaliq teoriya menen baylanistira almasa, ol jumistan na’tiyje bolmaydi.

«Kadrlardi tayarlawdin’ milliy da’stu’ri » ha’m «O’zbekistan Respublikasinin’ Bilimlendiriw» haqqindag’I qararinda ha’r ta’repleme rawajlang’an, aldina bir u’lken waziypalar qoyilg’an. Bul waziypalardi sheshiwde, a’lbette, mug’allimnin’ bilim menen pedagogikaliq sheberligi za’ru’r.

## 2. Baslawish klass mug'allimi sheberligindegi teatralliq ha'm pedagogika

Xalqimizdin' o'tmishin qansha bilsek, u'yrensek, ha'zirgi o'mirimizdi turmis ta'rizimizdi sonsha tuwri ha'm aniq tu'sinip jetemiz.

O'zbekistan g'a'rezsizlikke erisken ku'nnen baslap o'tken qisqa waqit ishinde o'zbek, qaraqalpaq xalqi u'lken siyasiy-ekonomikaliq ha'm ma'deniy tarawlarda jetiskenliklerge eristi. O'z tariyxinda jan'asha oylaw tiykarinda erisiw ata-babalar qaldirg'an bay ma'deniy ruwxiy miyrasti u'yreniwge miyasar boldi, milliy ma'deniyatimiz qayta tiklendi, respublikamizda ilim-pa'n, solardan pedagogika pa'ni jan'a rawajlaniwg'a ko'terildi ha'm basqada isler a'melge asirilmaqta.

Kadrlar tayarlawdin’ milly bag’darlamasinda xaliqtin’ bay inteletual miyrasi uliwma insanity qa’diryatlar tiykarinda zamanago’y ma’deniyat, ekanomika, ilim, texnika ha’m texnologiyanin’ jetiskenlikleri tiykarinda kadrlardi tayarlawdin’ dizimin du’ziw. O’zbekistannin’ rawajlaniwinin’ a’hmiyetli sha’rti dep ko’rsetilgen.

Jas a’wladti ta’rbiyalaw ha’m oqitiw teoriyasi ha’m praktikasinda oqitiwshi sheberliginin’ qanday rawajlanip kelgenin bilmey turip jaslardi ha’r ta’repleme rawajlang’an jeke adam qilip ta’rbiyalaw ma’selelerin ilimiy tiykarda sheship bolmaytug’in ma’sele.

Xalqimizdin’ jas a’wladti o’mirge tayarlawg’a ko’p a’sirlik u’rip-a’detleri, ta’rbiya haqqindag’i pikir ta’jriybeleri xaliq pedagogikasina toliq birlesken. Ele mektep bolmag’an, pedagogikaliq ideyalar qa’liplesken da’wirde qa’wim ag’zalari balalardi miynetke go’zzal ha’m mehirli boliwg’a shaqirg’an.

Orta Aziyada a’yemgi ha’m qulshiliq da’wirlerdi bala ta’rbiyasinda na’siyat, ma’jbu’rlew, qorqitiw ha’m basqada ta’rbiya usillarinan paydalang’an. Bul usillar balanin’ isine baha beriw na’tiyjesinde tu’sindiriw isleri jekke ha’m topar tu’rinde a’melge asirilg’an.

Usinday ta’rbiyaliq islerdi alip bariw menen birge ustazdin’ miyneti, sheberligi, bala ta’rbiyasindag’i ta’sirin joqari bahalap otirg’an.Ma’selen: xaliq arasinda «Ustaz atan’nan ulli», «Bir ha’rip u’yretken Ustazg’a qiriq jil sa’lem» degen ibratli so’zler bar.

Ta’lim-ta’rbiya xizmet protsessi ko’p qirli dinamikali quramali ja’miyetlik qubilis esaplanadi.

Sol sebepli pedagogikaliq xiamette teatr xizmetinin’ baylanislig’i haqqinda, aktyorliq sheberlik penen pedagogikaliq sheberliktin’ jaqinliqlarin toqtap o’temiz.

A’dette pedagogikaliq xizmet ta’lim orinlarinda o’tilip ol ta’lim aliwshilarda bar bolg’an ta’biyg’iy belgilerdi rawajlandiradi. Bilim aliwdi ha’r-qiyli do’retiwshilik xizmetlerdi atqara alatug’in adam sipatinda qa’liplestiredi.

Al teatralliq ma’deniyat bolsa adamnin’ joqari pa’ziletlerin insanlar arasindag’I mu’na’sebetlerdi minez-quliqqa ta’sir etiwshi ko’rkem o’ner salasi bolip esaplanadi.

Teatralliq xizmette aktyor tamashag’oylerdin’ qizig’iwshilig’in o’zine tarta aliw, olardin’ aqil oyina ta’sir etiwdi talap etedi.

Aktyor xizmetinin’ ayirmashilig’I onin’ talantlig’i menen xarakterlenedi. Aktyorliq talent do’retiwshilik qa’biletin ha’m erkinlik sapasi menen birlestiriliwi na’tiyjesinde ju’zege keledi.

Al pedagogikaliq xizmet bolsa mug’allimshilikti talap etedi. Aktyorliq xizmettin’ saqnaliq is ha’reketin ko’remiz ha’m tin’laymiz. Al mug’allimnin’ xizmeti bir aktyorliq ro’ldi atqarg’an menen ten’.Sebebi ekewinin’ xizmetide adamlardin’ qizig’iwshilig’in oy-o’risin o’zlerine qaratiwdan ibarat.

Auditoriyag’a aktyorliq ta’sir etiw uqiplilig’in iyelewde sheshiwshi ro’ldi pedagogktin’ ta’biyg’iy uqiplilig’inan praktikaliq is-protsessin jetilistiriwde u’lken ro’l oynaydi.

Sonday-aq ha’r bir pedagok is-ta’jriybesinde aktyorlardin’ is ha’reketin, uqiplilig’in, sheberligin unatip qalg’aninday, mug’allimdi de unatip qaliw ushin sheberlikke iye boliwi kerek. Mug’allimnin’ oqiwshilar menen qarim-qatnasi kelisimli, juwapkerli ha’m printsipli boliwi kerek. Qarim-qatnas protsessinde pedagok a’lbette aqil oy menen estetikaliq jaqtan bayitiwi tiyis.

Sabaq bul barqulla do’retpe onin’ u’stinde ko’p miynet etiwdi talap etedi.Pedagogikaliq xizmet auditoriya menen o’z-ara baylanista bolip o’zin jaqsi seze biliwi kerek. Mug’allimnin’ ko’binshe o’zin jaqsi seze bilmewi ha’m o’zin

ju'da' qiynawi keri ta'sir jasaydi, sonliqtan da'slep o'zin duris an'lap bilip aliwi kerek.

Eger pedagogikaliq uqipliliq penen intaliliq penen alip barg'an mug'allim baxitli mug'allim dep ayta alamiz, sebebi sol mug'allimnin' sabag'in asig'isliq penen balalar ku'tip otiradi sol mug'allim menen ushirasiw olar ushin bir jan'aliq sebebi ha'r bir sabaq bunnan aldin'g'i sabaqqa uqsamaydi sabaq barisindag'i waqittin' o'tkeni bilinbey qaladi.

Pedagog ha'm aktyor auditoriyani bilip ha'm seziw kerek. Ol aldin'g'i ha'm keying qatarlarg'a qarap otirip kimge su'yenip kimge ja'rdem beriw kerekligin biliwi tiyis. Pedagogikaliq ha'm aktyorliq qarim-qatnastin' jaqinlig'i.Ne ushin klass pedagogqa bag'inadi. Al aktyor saqnag'a shiqqanda tamashago'y aktyorg'a bag'iniw kerekpe degen sorawlar tuwiliwi ta'biyg'iy.

Pedagogtin' klassqa kirip kelgennen baslap ko'z aldin'izg'a keltirip ko'rin' ha'm to'mendegi aktyordin' saqnag'a shiqqanin salistirip ko'rin'.1. Aktyordin' saqnag'a shig'iwi qatnasiwshilardin' qabil aliwi.2. Obiektke jaqinlawi onin' diqqatin o'zine qarata biliwi. 3. Ko'z qarasi menen obiekt kewline jete biliwi. 4. O'z bilimin obiektke jetkere biliwi. 5. Obiekttin' qabil etiwi.

Pedagogta tap usi aktyor siyaqli o'z bilimin o'z ta'jriybesin jetkerip biletug'in ku'shke iye boliwi kerek.

Auditoriya diqqatin iyelewdin' eki tu'ri bolip Passiv ha'm Agressiv metodlari bar.

Passiv usili-bunda pedagog auditoriya diqqatin o'zine fokusli tu'rde qaratiwi.

Agressiv usili-bul passiv usilliqqa qarama-qarsi bul jol menen ku'shli aqilli sawatli pedagoglar jumis alip baradi.Olar o'znin' sawatlilig'I menen uqiplilig'i menen isenimli tu'rde auditoriyani o'zine qarata aladi. Pedagog tin'lawshinin' sana-sezimine kirip barip ha'm bar bilimin tin'lawshig'a bag'ishlaydi.

Adam biliwi, basqariwi ushin ta’rbiyalaw printsipleri ha’m metodlarin biliwi jetkiliksiz, ta’rbiyalaw ushin adam en’ a’weli o’zin biliwi kerek. Joqarg’i nerv xizmeti, biliw protsessi, erk ku’shi, talantlari ha’m sezimleri, psixikaliq du’zilisi ha’m jag’daylari haqqinda en’ keminde uliwma tu’siniklerge iye bolmasa adamnin’ o’zin biliwi haqqinda ga’p boliwi mu’mkin emes. Sonin’ ushin ha’r bir mug’allim o’zin-o’zi ta’rbiyalaw ma’selesinde psixologiya pa’nine tiyisli a’debiyatlardi oqip, za’ru’rli ma’teriallardi o’z da’pterine jazip alg’ani maqul.

Pedagogikaliq sheberlikte aktyorliq sheberlikti biliwi ha’m basqariw quramali is. Oni kewildegidey iske asiriw ushin jan-jaqlama izlenip o’zin’ u’stinde ko’birek jumis alip bariwdi talap etedi.

Ha’r bir pedagog ushin ta’rbiyalaw jolinda ko’plegen qiyinshiliqlar ushiraydi.Ol ushin a’weli o’zin’di, keyin basqalardi biliwin, turaqli ha’reket, alg’a maqset ushin talpiniwi za’ru’r.

1. O’mir shinlig’i printsipi. Bul printsip saxnada ko’rsetip atirg’an waqiyalardin’ ha’m qubilislardin’ adam o’mirine turmisina sa’ykes keliwin na’zerde tutadi. Saxnada ko’rsetip atirg’an ha’r qanday ko’rinis turmista ushirasip atirg’an ha’r qiyli waqiyalardi sa’wlelendiriwi sha’rt.

2. Ulli maqsetler printsipi dep ataladi. Bul printsipke muwapiq maqsetler 3 qa’dege ajiraladi.

1. Ulli maqsetler yag’niy ja’miyetlik ma’pler, talaplar ha’m waziypalar.

1) Joqari etapli bunda belgili bir shig’armada ko’rkem o’ner salasinda erisiwi za’ru’li bolg’an maqsetler.

2) Joqarg’i situatsiyaliq sha’rayatinda payda bolatug’in joqarg’i waziypalar na’zerde tutiladi.

3. Ha’reket ha’m aktivlik printsip. Bul printsip aktyor o’zinin’ xizmetinde jetkiziwshi pikirdi is ha’rekettin bayitip tamashago’ylerdi aktiv qatnastiriwg’a

shaqiradi ha’m joqarg’i aktivlik da’rejesine jetkeredi. Bunda tamashago’ylerdin’ aktivligi olardin’ ha’reketleri na’zerde tutiladi. Bul ko’rinislerdi printsiplerdi pedagogikaliq xizmetke ko’shiriw menen mug’allim xizmetinin’ o’zgesheligin tiplerin alamiz. Usi printsiplerden kelip shiqqan halda aktyordin’ 4 tipin ko’rsetedi.

1. Intsiativali aktyorlar olardin’ fantaziyasi ku’shli ko’p ku’sh sariplamastan aq iske qosilip ketedi. Bunday aktyorlar o’z betinshe islesiw uqibina iye boladi. Rejeler ushin bunday aktyorlar menen islesiw ju’da’ an’sat boladi.

2. Intsiativali emes biraq berilgen ja’rdemnen jaqsi paydalanatug’in tez qabil etiwshi ha’r bir sha’rayattada o’z betinshe qarap shig’atug’in aktyorlar.

3. Rejessorlar ta’repinen ha’r qanday ja’rdemdi ko’rsetpeni qabil etedi, biraq oni rawajlandiriwg’a qa’bileti joq bunday aktyorlar menen islesiw rejessor ushin qiyin boladi.

4. Bul tiptegi aktyorlar o’zliginen jan’a na’rseni do’retpeytug’in ekinshi ta’repten Bergen ko’rsetpeni qabil etpeytug’in adamlar bolip esaplanadi. Demek, bul tiptegi aktyorlardin’ teatrda boliwi orinsiz.

Mug’allimlerdin’ tipleri:

1. Bul tiptegi mug’allimler sabaqti o’z betinshe du’zedi oqiwshilardi qiziqtiradi. Olardin’ tu’siniwi kitaptan keskin pariq qiladi.

2. Qandayda bir ko’rsetpe boliwi za’ru’r ko’rsetpesiz erkin tuta almaydi.

3. Ko’rsetpeni ha’r dayim orinlay bermeytug’in sabaqlari birde unamli bolsa, birde unamsiz. Birde jaqsi tu’sinikli bolsa, birde jaman tu’siniksiz o’tetug’in.

4. Metodikaliq qollanbalarda ko’rsetpelerde kitaplarda ja’rdem bere almaydi bunday mug’allimler qa’bileti joq mug’allimler dep ataladi.

## 3. Mug’allimnin’ so’ylew sheberligi onin’ pedagogikaliq jetiskenliklerinin’ deregi

Insan o’mirindegi barliq ha’diyse, qubilislar onin’ miynetinin’ jasaw sha’rayati ushin qay da’rejede orin alg’anlig’ina baylanisli. Miynettin’ ro’lin bahalaw insannin’ payda boliwinin’ tiykarg’i sha’rti ekenligin belgilep beredi.

Ha’r bir ja’miyetlik du’ziminde miynet tu’rli ko’riniske iye boladi.Islew, biliw uqibi, jumisti duris usillar menen sho’lkemlestiriw ha’r birimiz ushin aktual ma’sele bolip esaplanadi. Ol ushin ha’r bir mug’allimde talant, qizig’iwshiliq ha’m uqip boliwi za’ru’r. Talant, uqip oqiw protsessinde ko’zge taslandi. Uqipqa iye boliwi ushin alg’a qoyilg’an maqsetke jetiw ushin qatan’ tu’rde umtiliw, ha’reket etiw kerek boladi.Pedagogtin’ alg’a qoyg’an maqsetine erisiwinde ondag’I en’ a’hmiyetli qa’siyet isley biliw uqipshilig’inda boladi. Insannin’ miyneti en’ a’hmiyetli ha’m tiykarg’I bayliq bolip, miynetti sho’lkemlestiriwdin’ orni ayiriqsha boladi.

Ha’r bir mug’allim terminlerdi tu’sindirgende onin’ aniq ma’nisin tu’sindiriwge uriniwi kerek. Mug’allim “bilmegenin’di aytpa” altin qag’iydasin

ba’rha’ yadta tutin’, oqiwshilar ta’repinen berilgen sawal juwabin aniq bilmese juwap beriwden ma’deniyatli tu’rde “keshirersen’, bul sawalg’a men ha’zir aniq juwap bere almayman, endigide aniqlap toliq juwap beremen” degeni orinli.

Basqa jag’dayda aniq emes qa’te juwap oqiwshilar tu’sinigin aljastiradi.Olar bul ma’seleni o’zlerinshe bilgen waqitlari balalardin’ mug’allimge isenbewshiligi payda boladi.

Mug’allimnin’ janli so’zi ta’lim-ta’rbiya protsessinde a’hmiyetli xizmetler atqaratug’ini menen bahali.Bul qanday xizmet?

Mektepte jaslarg’a bilim beriwde mug’allimnin’ so’ylew ma’deniyatlilig’i, a’sirese so’z sheberligi, o’z pikirin tin’lawshilarg’a tu’sinikli etip, toliq qabil alatug’in da’rejede bayanlap beriwi u’lken a’hmiyetke iye. Shininda da mug’allim so’zinin’ en’ tiykarg’iha’m basil funktsiyasi bilimlerdi aniq, tu’sinikli halinda jetkeriw. Oqiwshilardin’ bilimlerdi iyelewi mug’allimnin’ so’ylew sheberligi menen baylanisli.Sonin’ ushin mug’allim o’zinin’ so’zin logikaliq oylanilg’an, tu’sinikli aniq etip ayta almasa balalardin’ bilim aliwin ta’minlew qiyin boladi.

Geyde oqiwshilar eseyip ketkende de ertedemug’allimlerinen esitken ayirim tu’siniklerin o’mirinshe umitpaydi.Bul sol ustazdin’ bala miyine o’zinin’ ta’sirli so’zin shegelep qag’a alg’ani.

Mug’allimnin’ so’zinin’ pedagogikaliq waziypasi- oqiwshilarg’a jan’a bilimlerdi jetkeriw g’ana emes, usi iyelep atirg’an bilimlerge janli bahali qatnasta boliwi kerekligin tu’siniwdi a’melge asiriw, bilimler olardin’ isenimine aylanip, olardin’ bulardi basshiliqqa aliw talabin payda etiw.Mug’allim bul waziypani o’zinin’ so’zi balalardin’ sana sezimine ta’sir etip, olardi o’z ha’reketlerin oylanip islewge ma’jbu’rley alsa g’ana sheshe alg’an boladi.

Mug’allimnin’ so’z arqali mag’liwmatti jetkeriwinin’ tiykarg’i waziypasi- rawajlandiriw.Ta’sir etiw, bilimge belgili qatnasti qa’lipletiriw. Bilimler tiykarinda insaniy is ha’reket etiwge shaqiradi.Qabillawdin’ juwmag’I baladag’i oy-o’ris

intelektin bayitiw.Bilimlerdi oylang'an halda o'zi jeke bayliq bahaliliq retinde qabillawin asirip, o'zlestirgen bilimlerdi minez-qulqinda, is-ha'reketinde basshiliqqa alip paydalaniw.

Tilekke qarsi bul logikaliq baylanislar geyde mektep praktikasinda ba'rqulla, turaqli tu'rde iske asa bermey, oqiwshilar yadinda bilimler fatmal tu'sinikler jiynag'i sipatinda qalip qoyadi.Balalardin' aqilina, sezimine qaratilmag'an, kitaptan qurg'aq, qa'teler jiberilip paydalanilg'an, shtampli so'zler balalarg'a, na'tiyjeli bilim bere almaydi. Bunday bilimler balalar yadinda abstrakt tu'rinde qalip, olardi unamli is-ha'reketke, insaniyliqqa, bilimlilikke iytermeley almaydi, mug'allim da'stu'rde talap etilgen ha'mme ma'terialdi aytiwi mu'mkin, jetkerilgen, aytilg'an jan'a bilim haqiyqatliqqa ha'm turmis penen baylanisip, bala janina tu'rtki salmasa ol qurg'aq ga'p. Mug'allimnin' sheberlik penen aytilmag'an, jetilispegen so'zleri balalarg'a biz ku'tken bilim, uqip ha'm ko'nlikpelerdi bere almay qaliwi mu'mkin.

Mug'allim so'zinin' bilimlerdi jetkeriw xizmeti menen baylanisli ekinshi waziypasi- oqiwshilardin' oqiw iskerliklerinin' na'tiyjeliligin ta'minlew.

Mug'allimnin' sheberlik penen aytqan so'zleri balalardin' sabaqti sapali qabillap, bilimler iyelewinin' na'tiyjeliginin' arttirip otiradi.Oqiwshi mug'allim ga'pin tin'lay otirip, esitilip atirg'an xabardi konkretlestirip o'z qiyalinda burin'g'i tu'sinikleri menen toliqtirip, oni ko'z aldina keltiredi.Buring'I bilgen na'rseleri menen salistiradi.Yadlap qaladi.Mug'allimnin' so'zlerindegi logikaliq baylanislardi baqlap baradi. Pikirdin' rawajlaniwin sezip ha'm tu'sinip otiradi. Oqiwshinin' bul quramali tin'law ha'reketlerin mug'allim ba'rha' esapqa alip, o'z so'zinin' mazmunin, tempin, ritmin, logikaliq baylanisin, tu'sinikligin ja'ne de arttirip otiriwi lazim.

Mug'allimnin' so'ylew intonotsiyasi og'ada a'hmiyetli.Sebebi so'ylew tempi balalardin' jas o'zgesheliklerine baylanisli informotsiyani qabillaw mu'mkinshiliklerin esapqa alg'an, jag'dayda g'ana oni paydalaniw haqqinda ga'p

boliwi mu’mkin. Mug’allimnin’ so’zi ba’rha’ o’z tin’lawshisina iye- ol oqiwshinin’ qabillawi ha’m tu’siniwi esapqa alg’an jag’dayda tan’lap, sheberlik penen bayanlaniwi kerek.

Balalar ta’rbiyasinda mug’allimnin’ komunikativlik ta’sir jasawinin’ da a’hmiyeti u’lken. Bunin tiykarg’i eki usilin ajiratip shig’ariwg’a boladi, yag’niy so’z benen ta’sir etiw isendiriw ha’m boysindiriw. Pedagogtin’ ha’r qanday ta’sir etiwi, a’sirese so’ylew sheberligi arqali ta’rbyalaniwshilardin’ oy o’risinin’, seziminin’ rawajlaniwina ta’sir jasaw mu’mkinlikleri bar. O’sip atirg’an jaslar ortaliq ha’m ta’biyat penen barliq waqitta qatnasta boladi. Usi qatnas na’tiyjesinde onda isenim payddda bolip, yag’niy bilim ko’z-qaraslar ha’m qarim-qatnas sistemalari, minez-qulq normasi qa’liplesedi.

Mug’allimnin’ klass balalari menen toliq ha’m jeke so’ylesiw islerin alip bariwi da u’lken man’izg’a iye. Bunda so’ylesiw texnikasi ha’m ma’deniyati, so’ylesiw texnikasin iyelew da’rejesi, oqitiwshi so’ylegen so’zlerdin’ mazmunlilig’i ha’m emotsional ta’sirshen’ligi, tu’rli jag’daylarda, ha’r qanday ku’tilmegen sha’rayatlarda til tabisip so’ylesip kete aliwi, sabaq protsessinde o’z ku’shli ha’m tayarlig’in esapqa ala biliwi o’z is usillari ha’m olarg’a qoyilg’an talaplardi orinlay aliwi,pedagogikaliq ma’mle ha’m oni qollaniwdi biliwi, tulg’ag’a (shaxs) so’z arqali ta’sir etiwde kerekli usillardi tez tan’lay aliwi ha’m o’z waqtinda qoolana biliwi, u’yrenshikli bolip ketken jumis ta’rtibinen bezip jan’asha islewdi tez baslay aliwi, pedagogikaliq ta’sir ko’rsetiwde, sheshimler qabillawda, kerekli uqipqa iye boliwi, (mimika, pantamimikaliq ha’reketlerin duris paydalana aliwi).

Mug’allimnin’ so’zi oqitiw ha’m ta’rbiyalaw maqsetin ta’minlewi tiyis. Mug’allim o’z so’zinin’ sapalilig’i ha’m mazmuni ushin ha’m onin’ aqbetine juwapker boladi. Sonin’ ushin mug’allimnin’ so’zi pedagogikaliq sheberligindegi a’hmiyetlielement bolip qaraladi. Bunda: Pedagog ha’m ta’rbiyalaniwshinin’ o’z-ara ha’reket etiwin. Oqiwshinin’ sana-sezimine mug’allimnin’ ta’sir etiwi.Oqitiw

protsessinde toliq bilimge iye etiw, oni bekkemlew. Oqiwshinin’ oqiw ha’m a’meliy isin sapali alip bariwin baqlap bariw og’ada za’ru’r.

Oqiwshilarja’miyetha’mta’biyattin’ rawajlaniwnizamliqlarin, adamgershilik, a’dep-ikramliliqsirlarin, o’zinqorshag’ana’tiraptih. t. Blarhaqqindailimiybilimlerdin’ ko’pshilikbo’leginmug’allimnin’ so’ziarqaliiyeleydi. Ha’r bir adam o’z mug’alliminin’ janli so’zlerin ba’rha’ eslep aladi. Sol janli so’zler ha’r bir insang’a bilim, ilim sirlarin teren’ sin’dirip turmisti bag’darlap otiriwin xizmetin atqarip atirg’anina biz kewil bo’le bermeymiz.Mug’allimnin’ aytqan so’zleri, janli dawisi, bergen sawallari, so’ylesiwi arqali oqiwshig’a qatnasi barlig’I ta’rbiyanin’ og’ada man’izli derekleri bolip esaplanadi.

A’sirler boyi mug’allimshilik ka’sibi so’z benen ta’rbiyalaw ma’selesinde u’lken jetiskenliklerge eristi, degen menen bul tarawda aytarliqtay kemshiliklerde jetkilikli. Song’i waqitlari mug’allimnin’ komunikativlik minez-qulqinda qatti turpayi so’ylew, qopal talap etiw, buyriq penen orinlatiw h. t. b unamsiz ta’sir etiw usillari da orinalip atir.

Mug’allim so’zi ta’lim-ta’rbiya waziypasin orinlawi tiyis. Sonin’ ushinda mug’allim so’ylewi ushin uliwma ma’deniyatliliq penen bir qatarda ka’siplik ha’m pedagogikaliq talaplar birligi talap etiledi. Mug’allim o’z so’zinin’ mazmuni ushin g’ana emes, al onin’ aqibeti ushinda juwapker.Usi sebepli mug’allim so’zi pedagogikaliq sheberliktin’ elementi retinde u’yreniledi.

Mug’allimnin’ so’zi degende biz onin’ awizeki so’ylewin na’zerde tutamiz. Usi awizeki so’ylew barisi ha’m onin’ juwmag’i awizsha aytip beriw is ha’reketleri, sorawlar beriw, so’z jedelliginde buyriq, o’tinish etiw, qoyiw maqullawi h. t. b ibarat boladi.

Mug’allimnin’ awizeki so’ylewi ekige bo’linedi. Monolog ha’m Dialog. Mug’allimnin’ monologiyaliq so’ylewinin’ ko’p tarqalg’ani gu’rrin’, mektep lektsiyasi, bilim bahasi, minez-qulq bahasi, oqiwshinin’ sabaqtan tisqari

iskerligi.Al, diologiyaliq so’ylesiw eki adamnin’ o’zara so’ylesiwinen ibarat bolip, ol ko’binese soraw-juwap formasinda boladi.

Mug’allimnin’ so’ylewinin’ ayirmashilig’i onin’ oqiwshilarg’a qarim-qatnasina bag’darlang’anlig’i bolip esaplanadi.

Mektep praktikasinda bunnan basqa da so’ylesiw tiller ushirasadi. So’ylew belgili bir ma’selelerdi taliqlaw, pikir alisiwshilar h. t. b usag’an so’ylesiwler barisinda mug’allim ga’pi oqiwshinin’ ga’pinin’ dawami yaki kerisinshe bolip monologliq ha’m dialogliq so’ylesiw belgileri aralasip da ketiwi mu’mkin.

Mektep pedagogikaliq waziypalardi tabisli sheshiw ushin mug’allimnin’ so’zi belgili talaplarg’a juwap beriwi kerek.Mug’allimnin’ duris so’ylewi normativ yag’niy ha’zirgi zaman a’debiy tilin aksentlik jaziliwi, gramatikaliq qag’iydalarg’a juwap beriwi tiyis, so’zler aniq qollaniw ta’sirshen’lik obrazli qizg’inli jarqin bolmag’i lazim.So’ylew aniq orinli, leksikaliq taza ha’m ta’sirli bolsa mug’allimnin’ so’ylew ma’deniyatinin’ joqari ekenligin bildiredi.

So’ylew barisinda demek, leki, yag’niy, atap aytqanda h. t. b so’zlerdi qollanbawg’a tirisiw kerek.Ilaji bolsa orinli qollana biliwi lazim.Duris so’ylewdi a’dette aylandiriw za’ru’r. mug’allim solay etip-dep aytiwdin’ ornina so’ytip dep aytsa a’debiy til normasin saqlamay so’ylew ma’demniyatin buzg’an boladi.

Mug’allimnin’ awizeki so’zinin’ ja’ne bir o’zgesheligi onin’ mazmuni oqiwshilar ta’repinen seslik (esitilgen so’z ha’m intonatsiya) ko’riniwshi (vizual) mimika, test, mug’allimnin’ ha’reketi(eki kanal) ja’rdeminde qollaniladi. Mimika, test, mug’allimnin’ aytqanlarina ma’nisi, ko’lemin, ta’sirshen’ligin arttirip belgili da’rejede mug’allimnin’ o’zi aytip turg’an na’rsege qatnasinin’ qanday ekenligin ko’rsetedi.

Vizual kanal oqiwshilarg’a mug’allimnin’ jumis islew jag’daylarin qalay ekenligin ko’rsetedi.Balalar mug’allimnin’ so’ylew barisina qaray onin’ intali intasiz ekenligin aniq bile aladi.Sonin’ ushin mug’allimnin’ o’z so’ylew barisi

menen birge o’zin qalay uslawi, sirtqi ko’rinisin mudami qadag’alap bariwg’a a’detleniwi lazim.

Awizeki so’ylew iprovizatorliq ha’reketlerge iye. (improvizatsiya) birden oylap tawip (bul jerde adamg’a so’ylep turg’an waqitta og’an oy pikirdin’ izbe-iz ag’ip keliwi) professional mug’allimler tu’sindiriw barisinda tayarlag’an jobasi ya’ki kitaptan paydalanbay sabaqti sonday qizg’in aytip bere aladi. Oqiwshilar oni tin’lap otirip so’zlerdin’, so’ylemlerdin’ sonday u’ylesimli orinli izbe-iz, konstruktsiyalang’an halda payda bolip atirg’aninin’ gu’wasi boladi.Oqiwshida sonday pikir payda boladi “mug’allim tap ha’zir oylap tawip alip atirg’anday” sebebi bunday aytip beriw barisinda mug’allim o’zi aytip turg’an na’rsenin’ mazmunina, ishine o’zi kirip, aralasip ketkenin sezbeydi.Al balalar bolsa bunday so’ylemdi emin erkin qabillaydi.

Improvizatsiyaliq so’ylew-ba’rha’ yadtan shig’arip so’ylew degendi an’latpaydi.Bul aldin ala tayarlang’an konstruktsiyalang’an lekin tap ha’zir payda bolg’anday mug’allimnin’ yadinan shig’ip atirg’anday etip so’ylew ol komplektegi ya’ki kitaptag’I tekstti so’zbe-so’z aytip emes, burin bilgendi qaytalawda emes, al aldin ala tayarliqtag’i maqset, waziypalardi esapqa ala otirip erkin o’zinin’ do’retiwshilik oy-pikirin iqlasin qosip aytiw.Improvizatsiyali so’ylew mug’allim ushin balalar qabillawin sirlarin asha otirip, mug’allimnin’ ka’siplik sheberliginin’ artiwina xizmet etedi.

Improvizatsiyali so’ylew- tayarlanilmag’an so’ylew barisinda avto ra’wishte tuwilg’an boliwida mu’mkin.Bunday so’ylew barisinda mug’allimnin’ jag’dayida baylanisli jildirimday tez reaktsiya beriw talap etiledi.

Mug’allim usi tez juwap beriwi ken’ tu’sinikli bolip so’zdi tan’lawi ha’m oni balalerg’a jetkeriwi erkin ha’m hesh bir qiynalmayaq aytip tu’sindirip turgh’ani mug’allimnin’ usi halda erkin so’ylewinde mug’allimnin’ uliwma ha’m pedagogikaliq ma’deniyati onin’ ha’m ka’siplik ku’shi menen bir qatarda

oqiwshilar menen islese aliw qa’bileti ha’m insanity a’dep-ikram, minez-qulq, ta’jriybesi o’z sa’wleleniwin tabadi.

## II Bap. Mug'allimnin' qarim-qatnasi barisindag'i sheberligi. Sheberlikti aniqlaw ha'm en jaydiriw.

### 2.1. Sabaq barisi ha'm ondag'i mug'allim sheberligi

Sabaq waqtinda da'stu'rge aylanip ketken ko'pshilik kemshilikler ushirasadi. Bunda mug'allimler oqiwshilardan to'men o'zlestirip alg'an oqiw ma'teriallarin este saqlap qaliwdi talap etedi. Oqiwshilardi o'zliginshe erkin pikirlewge yamasa ha'r qiyli diskussiyalarda sorawlarg'a juwaplar tabiwdi u'yretiwdin' ornina kitap teksttin' so'ylep beriwdi o'z so'zleri menen jetkerip beriwdi talap etdi.

Bunday oqitiwlar o'zgertiliwi kerek.Oqitiw protsessin sho'lkemlestiriwde jan'a sapali usillar engiziliwi tiyis.

Suxomlinskiydin' ko'rsetiwinshe: tabistan payda bolg'an ruwxlaniw bar jerde g'ana, oqiwg'a qizig'iwshiliq boladi.

O'zinin' ka'siplik xizmeti dawaminda mug'allim 25 min'nan ziyatiraq sabaq oqitadi. Qaysi pedagog o'zinin' sabag'inin' mazmunli ha'm qiziqli bolip o'tiwin qa'lemeydi.

Kimnin' sheber mug'allim bolg'isi kelmeydi.Bul ushin ko'p staj benen ta'jireybeli mug'allim boliw azliq etedi.

Sabaq ha’r bir mug’allimnen rawajlang’an do’retiwshilik pedagogikaliq oylawdi, pedagogikaliq sheberlikti iyelewin talap etedi.

Zamanago’y sabaqqa tayarlaniwda ha’m o’tiwde en’ tiykarg’i diqqatti nege awdariw kerek.

Mug’allimnin’ sabaqti o’tiwdegi tabisi birinshi gezekte onin’ idealliq-teoriyaliq ha’m ka’siplik tayarlig’ina baylanisli boladi. Sabaqqa tayarlaniw ha’mme waqit oqitatug’in predmetine baylanisli oqiwliqlardi oqip ju’riwdi, psixolog-pedagogikaliq ha’m metodikaliq xarakterdegi kitaplardi oqiwdi, metodikaliq jurnallardi, gazettegi maqalalardi, jan’a pedagogikaliq ta’jireybelerdi engiziw maqsetinde islenip atirg’an aldin pikirlerdi oqip tanisip bariwdi talap etedi.

Mug’allim bul sabaqtin’ avtori, sabaqtin’ o’tyiliwi onin’ ruwhlaniwi ha’m sheberligine g’arezli.

Aqil xizmetin basqariw.Sabaq protsessinde oqitiw xizmetin basqariw ko’plegen faktorlarg’a baylanisli.En’tiykarg’ilarinan biri bul mug’allimnin’ o’zinin’predmetinin’ oqiwshilarg’a qiziqli etip ko’rsete aliw uqibinda. Qizig’iwshiliq barliq psixikaliq protsesslerge jaqsi ta’sirin tiygizedi, qabil etiwge, diqqatqa, este saqlawg’a, oylaw ha’m erkke.

Oqiwg’a biliwge qizig’iwshiliqti payda etiwdin’ qanday sha’rtleri bar.Sheber mug’allim sabaq waqtinda bul qizig’iwshiliqti oqiwshilarda qalay payda etedi. Oqiw xizmetin aktivlestiriw ha’m oqiwg’a dege qizig’iwshiliqtin’ ba’rha’ma rawajlanip bariwi ushin ol ne islewi kerek.

Sheber mug’allim oqiwshilarda oqiwg’a degen qizig’iwshiliqti payda etiwde ha’m de rawajlandiriwda to’mendegi tiykarg’i jag’daylardi basshiliqqa aladi:

1. Biliwge qizig’iwshiliqti rawajlandiriw, u’yrenip atirg’an panine bolg’an su’yispenshilikti payda etiw, bunda aqiliy miynetti sho’lkemlestirip oqiwshini o’z betinshe isleniwge ha’m jan’a bilim sirlarin ashiwg’a quniqtiriw, mashqalali ma’selelerdi sheshiwge ha’reket ettiriw.

2. Oqiw miyneti, ha’r qiyli basqa miynettegilerdey, ha’r turliligi menen qiziqli boladi. Bir qa’liptegi xabarlandiriwlar ha’m bir qa’liptegi ta’sir etiwler jaliqtiriwdi payda etedi.

3. U’yrenilip atirg’an pa’nge qizig’iwshiliqti payda etiw ushin onin’ mazmuninin’ en’ kereklisin, a’hmiyetlisin ha’m maqsetke muwapiq dep tapqanlarin teren’ tu’sinip biliwi kerek.

4. U’yreniletug’in jan’a material qansha da’rejede otilip ketken material menen tig’iz baylanista bolsa, ol oqiwshilar ushin sonsha da’rejede qiziqli boladi.

5. Ju’da’ an’sat ha’m ju’da’ qiyin bolg’an material qizig’iwshiliqti payda etpeydi. Oqiw qiyin, biraq balanin’ shamasi keletug’in da’rejede boliw kerek.

6. Oqiwshinin’ jumisi qanshama tez-tez tekserilip ha’m bahalanip turilsa olar ushin islew sonshama qiziqli boladi.

7. Oqiw materiallarinin’ ayqinlig’I, ko’rkemligi, mug’allimnin’ shin kewili menen tu’sindiriliwleri oqiwshig’a onin’ pa’nge bolg’an qatnasina ku’shli ta’sir etedi.

Pedagogikaliq miynettin’ sheberleri oqitiw metodlarin tan’lawda do’retiwshilik ha’m juwapkershilikli halda qatnas jasaydi.

Sheber mug’allimler lektsiya sabaqlarin, seminar sabaqlarin, disput sabaqlarin, konferentsiya sabaqlarin, ekskursiya sabag’in, arnawli kabinetlerde o’zbetinshe jumis islew sabaqlarin, konkur sabaqlarinin’ o’tiliwine ayriqsha diqqat awdaradi.

Pedagoglardin’ sheberligi bul sabaqlarda o’tkeriw protsessinde ju’zege shig’adi.

Lektsiya sabag’i- oqiwshilarda oylawdi aktivlestiriwge u’lken ja’rdem beredi.Ta’jireybe da’slep lektsiyani tu’sindiriwdin’ maqsetke muwapiq ekenligin ko’rsetedi.Keyin kerekli bilimlerdi aliw idealardi da’lillew tiykarg’i ta’replerin

tan’lap aliw printsipleri ko’rsetiledi.Tek usinnan keyin g’ana ko’rilip atirg’an ma’selenin’ man’izi ashiladi.

Do’retiwshilik penen isleytug’in mug’allimler lektsiyani oqig’anda dialoglardan, sorawlardan,qaytalawlardan, salistiriwlardan, uqsatiwlardan paydalaniladi.

Seminar sabag’i- oqiwshilarda jan’a bilimlerdi ha’m nizamliqlardi ashiwda u’lken aqiliy aktivlikti payda etedi.

Disput sabaqlari- bul joqari sheberlikti payda etedi.

Mashqalali oqitiw.Alding’i qatardag’i sheber mug’allimlerdin’ sheber emes mug’allimlerden sabaq o’tiwdegi tiykarg’I ayirmashilig’i to’mendegilerden turadi.

Sheber emesler o’zlerinin’ sabaqlarinda tiykarinan oqiwshilarg’a ilimnin’ tayar juwmaqlarin beredi.Bir mug’allimler aralas sabaq o’tiwde u’yrengen, hesh qanday oylamastan tayyar materialdi u’yretedi.Bul a’lbette izlenip, problemaliq jag’daylardi payda etip, oqiwshilardi oylaniwg’a iytermelep oqitqannan an’sat boladi.Basqa mug’allimler rawajlaniwshi oqitiwdin’ ma’nisin toliq tu’sinbegen boladi. Olardin’ dialektikaliq ha’m uliwma pedagogikaliq bilimleri to’men.

Talantli mug’allimler,o’z isinin’ sheberi balalar menen qarim-qatnas jasag’anda olar demokratiyaliq stilden paydalanadi ha’m d en’ alding’i oqitiw metodlarin oqiwshilardin’ do’retiwshilik oylawin rawajlandiriwshi metodlar sistemasin qollanadi. Olarda problemaliq situatsiyalar oqiwshilardin’ bilimdi o’zlestirip aliwinin’ derlik barliq etaplarinda boladi.

Olar balalarg’a barliq formulaladi ha’m nizamlardi, ko’plegen sa’neler menen atlardi, ju’zlegen qa’delerdi yadlap aliwg’a ma’jbu’rleydi duris emes deydi: adam o’miri ushin onsha za’ru’rli bolmag’an na’rselerdi oqiwshilardin’ yadinda saqlap, olarg’a awirmanshiliq sala beriwdi biykarlaydi.

Sheber mug’allim ha’mme waqit o’zinin’ sabaq oqitiw metodikasin ha’m texnikasin o’zgertip otiradi. Ha’r qiyli mashqalali jag’daylardi payda etip, sheber mug’allim onin’ sheshiliwi jollarin islestirip, toliqlap, a’meliy jaqtan da’lillep ko’rsetip beredi.

Sheber mug’allimnin’ sabag’i bul pedagog penen oqiwshinin’ birgelikli halda haqiyqatti izlewi,bul ma’deniy oylawdin’ laboratoriyasi. Bunday sabaqtaoqiwshilar o’zlernde bilimge degen qizig’iwshiliqti, talapshan’liqti payda etedi. Olar ha’r qiyli sorawlardi tuwdirip olarg’a juwap tabiwg’a ha’reket jasaydi.Olar o’zlerinin’ aqil-oyin ju’ritedi, oqiwdin’ qiyin ta’replerin jen’edi.

Qa’dimgi da’stu’rge aylanip ketken sabaqlarg’a mug’allim soraw beredi,al oqiwshilar kitapqa tiykarlanip og’an juwap qaytaradi. Bunday jag’dayda olarda tek sabaqtin’ avtori ha’m mug’allimler ta’repinen tabilg’an haqiyqatliq g’ana tu’sinik qaladi. Tag’i neni izlew kerek.Ne ushin izlew kerek. Haqiyqatliq tabilg’an, oni tek qabil etiw kerek,yadlaw ha’m iske asiriw kerek. Bul a’lbette sabaq waqtinda oqiwshilardi jaliqtiradi, oqiwg’a degen qizig’iwshiliqti pa’seytedi.

Aktivlestiriwshi, izleniwshilikti talap etetug’in, mashqalali oqitiwdi iske asiriw ushin sorawlar ha’m tapsirmalar sistemasin oylap tabadi. Sheber mug’allimnin’ sorawlari haqiyqatinda qisqaq, da’l ha’m aniq boladi. Olar tek g’ana aqildi jedellestirip, jeke oylawdi payda etip qoymastan, oqiwshilardin’ do’retiwshilik uqiplilig’in rawajlandiradi, olarda sho’lkemleskenlikti ha’m de a’deplilikti ta’rbiyalaydi. Baxtqa qarsi, o’tkerilgen ta’jriybelerge qarag’anda mug’allimlerdin’oqiwshilarg’a beretug’in sorawlarinin’ 80% ke jaqini oqiwshilardin’mexanikaliq o’zlestiriwine mo’lsherlengen: “Bul ne, qanday atamasi bar”, “Bul neshensh jili bolg’an”,“Kelbetliktin’ atamasin ayt”, h. t. b. Mexanikaliq este saqlawg’a u’yretiw, oni rawajlandiriw a’lbette kerek, biraqta sonin’ menen bir qatarda oqiwshinin’ biliw belsendiliginin’ , oylawin, diqqatinda rawajlandirip bariw kerek.

Ko’plegen jag’dayda minaday tiptegi ko’plegen paydalang’an jaqsi, bunda u’yrenilip atirg’an zattin’ uqsasliqlaari menen ayirmashiliqlarin tabiwdi talap etiw, olardin’ sebebin tabiw, ha’r qiyli o’zlestirilgen bililerinin’ ishinde tekga’ana kerekli bolg’an bilimin sol jerde paydalana biliw uqiplilig’in arttiriw.

Berilgen soraw oqiwshilarg’a tu’sinikli me, olar juwap beriw haqqinda oylanip  otirma, a’lbette bul haqqinda mug’allim u’stirtin qaramaw kerek. Uzin-shubay, qiyin ha’m ko’plegen sorawlardi balalarg’a uyip bere beriwge bolmaydi. Misali “Ulli Britaniyanin’ ta’biyati haqqinda onin’ klimati, qazilma bayliqlari, da’rya ha’m ko’lleri haqqinda aytip ber’. Balalar bunday ko’p mug’dardag’i sorawlardi o’z basinda uslap tura almaydi ha’m kishi klaslada balalar tek en’ keying sorawg’a g’ana juwap beriwge a’detlegen.

Sabaq waqtinda o’z betinshe islew.sheber mug’allim oqiwshilardi ba’rqulla bilimdi o’z betinshe o’zlestirip aliwdi sistemali tu’rdeu’yretip barg’anligi sebepli, olar jas mug’allimlerge qarag’anda az energiya jumsaw menen ozi go’zlegen na’tiyjelerge erisedi. Ol minadayqa’delerdi basshiliqqa aladi: egerde berilgen tema oqiwshilar ushin an’sat bolsa, onda oni o’z betinshe islewge tapsiradi, egerde qiyin bolsa, mug’allim temani o’zi tu’sindirip beredi. Sabaq waqtindag’I o’z betinshe jumistin’ ko’plegen tu’rlerin mug’allimler oqiwshilardin’ jan’a bilimlerdi o’zlestirip aliwg’a tayarlaw maqsetinde qollanadi.Bul birinshi gezekte jumislar qaytalaw xarakterinde boladi. Sonin’ ishinde buring’i o’tilgen temalardan shinig’iwlar ha’m tapsirmalar.

Mug’allimnin’ tapsirmasi boyinsha oqiwliq kitaptan qa’legen bir tekstti oqiw, grafikaliq jumislar sxema ha’m tablitsalar du’ziw. Sabaq protsessinde ha’m de a’meliy sabaqlarda oqiwshilardin’ o’z betinshe islewi olardin’ jan’a bilimlerdi man’izli o’zlestiriwinde ja’rdem beredi.Ha’r qanday jag’dayda da oqiwshilardin’ o’z betinshe islewin oqiw protsessinde engiziw ha’r qashan mug’allimnin’ basshilig’i astinda iske asadi.

Ta’jiriybeli mug’allimler oqiwshilardi kitap penen islesiwge, konspekt islew texnikasina, do’retiwshilik jumislarin orinlaw metodikasin sho’lkemlestiriwge u’yretiw za’ru’r dep esaplaydi.

Ta’jireybeli pedagog sabaqta jumis islep atirg’an shaqqan oqiwshini irikpeydi, a’ste isleytug’in oqiwshini asiqtirmaydi. Sorawg’a duris juwap bergen oqiwshig’a qosimsha tapsirmalar beredi.

Jas mug’allim o’z betinshe jumisti sho’lkemlestiriwde o’zine og’ada az juwapkershilikti aladi.

Oqiwshilar sog’an u’yrengen boladi, bunda mug’allim ha’mmesin o’zi tu’sindiredi, en’ kerekli degen jerlerin ayiripko’rsetedi, diqqatta nege awdariw kerek ekenligin belgilep beredi h.t.b.

Bunday jag’dayda oqiwshilar ko’binese o’z betinshe islewdin’ ne ekenligin tu’sinbeydi.

Ja’ne de sheber mug’allimler oqiwshilarg’a uy tapsirmasin olar ushin qiziqli etip beriwge ha’reket jasaydi. Usi maqset penen uy tapsirmasin awizsha ha’m jazba, qosimsha a’debiyatlar menen a’meliy jumislardi orinlaw, o’z qa’lewi boyinsha tapsirmalar, ma’jbu’riy ha’m qa’lewi boyinsha jeke yamasa toparlasip orinlawi ushin tapsirmalar beredi.

Oqiwshilardin’ u’y tapsirmasin jaqsi orinlawi ushin mug’allim sabaq waqtinda u’lken tayarliq jumislarin alip bariwi tiyis.

Sonliqtan da ta’jiriybeli mug’allimler  ha’r bir sabaqta taza ma’terialdi toliq, aniq jetkeriw ushin ko’p waqit bo’ledi. Sebebi egerde taza tema jaqsi tu’sindirilse, oqiwshilar oni toliq o’zlestirse endigi sabaqta u’yge tapsirmasin tekseriwge az waqit ketedi.

Sheber mug’allimler sabaq barisinda oqiwshilardi u’yge tapsirmani orinlawg’a sistemali tu’rde tayarlap baradi. Tapsirmani tu’sindirgen olar tiykarg’i

diqqatti tapsirmanin’ aniqlilig’ina bir ma’nililigine ha’m tu’sinikliligine awdariwi, haqiqiyqatinda da ha’mme oqiwshi derlik tapsirmani tu’sindime ha’m aniq bildime, mine usig’an u’lken itibar beredi. Egerde u’yge berilgen tapsirmanin’ qalay orinlang’anlig’i mug’allim ta’repinen ku’nde tekserilip barilsa, bul oqiwshilardin’ qunig’ip sabaq tayarlawina tiykar boladi, balalardi jedellestiredi, al egerde u’yge berilgen tapsirma tekserilmese balalardag’I oqiwg’a degen qizig’iwshiliq to’menleydi.

“U’yge tapsirma berdin’ be tekser, teksermesen’ berme”- usi qa’deni ha’r bir mug’allim basshiliqqa aliwi tiyis.

Mug’allimnin’ pedagogikaliq miynetinin’ ma’deniyati.

Joqarida atap o’tkenimizdey. Pedagogikaliq sheberlikti iyelewi ushin mug’allim tek o’zi oqitatug’in pa’ndi jaqsi bilip qoymastan, siyasiy tarawda, ilimde, iskusstvoda, texnika ha’m sport tarawlarinda adamlardi ko’binese neler tinishsizlandiratug’inlig’i menen de qizig’iwi kerek.

Sabaq oqiw ta’rbiya protsessi siyaqli barliq waqitta siyasiy bag’darlaniwshiliqti o’z ishine aladi. Sabaq bul ha’m kafedra ha’m tribuna uliwma sabaq bul mug’allimnin’ du’nyag’a o’zinin’ ha’m balalarina qatnasin aniqlawshi ko’z-qarasi pozitsiyasi.

Sabaq waqtinda qalayinsha jaqsi psixologiyaliq rejimdi saqlawg’a boladi. Birinshi gezekte balanin’ diqqatina kesent etetug’in, oni alan’ qilatug’in, klass jag’dayinda, doslari arasindag’i ha’m o’zinin’ jeke jumisinda balani ta’shiwishke salatug’in barliq jag’daylardi saplastiriw kerek.

Orta ha’m joqari klasslarda sabaq o’tetug’in jas mug’allim ha’mme waqit sabaq waqtinda balanin’ ne menen shug’illanip otirg’anlig’in,qalg’an oqiwshilar bar ma, joq pa ekenligin na’zerden shette qaldirmaw kerek. Hesh qanday gu’mansiz bunday jag’daylar tilshilerde, geograflarda da, tariyxshilarda da ushirasadi.Ne sebep.Sebebi mug’allimlerde de oqiwshilarg’a ta’sir etiw uqiplilig’i,

sheberligi toliq jetilispegen. Sonin’ ushinda mug’allim arnawli psixologiyaliq bilimge ha’m a’meliy ko’nligiwge, shinig’iwg’a iye boliwi kerek.

Ha’r tu’rli sabaqlardi islengen a’piwayi soni ko’rsetedi, 45 minutliq sabaqta pedagog o’zinin’ ta’rbiyalaniwshilarina ortasha 100 tu’rli talap qoyadi.Bul azba yamasa ko’p pe.Bul sorawg’a juwap beriw ushin A.S.Makarenkonin’ aytqanin eske tu’siremiz. “Egerde kimde kim Mennen menin’ pedagogikaliq ta’jiriybemdi tu’p man’izin, mazmunin qisqasha formula menen qalayinsha aniqlap bere alatug’inlig’imdi sorasa, men adamg’a mu’mkinshiligi bolg’anisha ko’p talap qoyiw ha’m mu’mkinshiligi bolg’aninsha oni hu’rmetleymen”.

Qalayinsha talap etip u’yreniw kerek.

Bul metodti o’zlestirip pedagoglar ha’mmesinen burin balag’a jeke ta’sir etiwdi, sabaq barisinda olarg’a urisip yamasa maqtap xoshametlep, ayirim eskertiwler qiliwdi, juwmag’in shig’ariwdi u’rdis etedi. Olar kimge, qalayinsha ha’m qanday talap qoyiw kerekligin jaqsi biledi, al oqiwshilar bolsa talapti bilip u’yrenedi.

En’ pedagogtin’ qoyatug’intalabianiq, jen’il (balanin’ shamasikeletug’inday) ha’maqirinajetkeretug’indayboliwisha’rt.

Sabaq protsessinde oqiwshi tek oqig’an pa’nin h’ar qorshag’an du’niya ha’diyselerin bilip g’ana qoymastan, onda olarg’a degen belgili bir ko’z-qaras payda boladi. Ayirim waqiyalar oni oylandirsa, basqalari ol ushin ba’ri bir, nemquraylilïq penen qaraydi, bir na’rseler og’an unasa, birewleri menen qiziqpaydi, ayirim mug’allimlerdi unatsa, birewlerin jaman ko’redi. Psixologlardin’ ko’rsetiwinshe jaqsi emotsiya, ta’sir etiwler adam xizmetin ruwxlandiriwshi ha’m ku’shli pa’t beriwshiler bolip tabiladi.

Sabaq waqtinda bunday emotsiyaliq aqiliy jag’daydi payda etiw ha’r tu’rli jollar menen a’melge asiriladi. Birinshiden: u’yrenilip atirg’an ha’m qosimsha materiallardan paydalaniw. Misali, tariyx sabag’inda mug’allim minanday missal

keltiredi: planetamizdin’ pu’tkil tariyxinda 14513 u’lken ha’m kishi urislar bolg’an. Onda 3 mlrd.640 mln adam nabit bolg’an. Egerde usi urislardin’ bahasin alting’a aylandirip esaplasaq, onda qalin’lig’I 8 metr ha’m eni 10 km altin lenta ekvator arqali jer sharin aylandirip orawg’a boladi.

Ekinshiden: sabaqqa anaw yamasa minaw jan’aliqlar tuwrali mag’liwmatlar, qiziqli waqiyalar kirgiziw ja’rdemi menen belgili oqimislilardin’ o’miri ha’m xizmeti haqqinda mag’liwmatlar, tvorshestvoliq izleniwge ruwxlang’an, adam aqilinin’ ha’wesligi haqqinda gu’rrin’ler aytiw.

U’shinshiden: sabaqtin’ mazmunliboliwiushinoqiwshilardi, olarushinqiziqlibolg’ando’retiwshilikjumisqatartiwkerek.Bundayjumisqabalalardiq uniqtiriwtu’rlisituatsiyalardin’ ha’rtu’rlitiplerinqollaniwmenenbaylanisliboladi.“Problemaliqsituatsiya (mashqalalijag’day) burinbelgilida’rejedetanisbolg’anbirna’rsenitaza, jan’ata’repin, geydeku’tilmegenta’repinqaraydi.Balalardag’i usi ku’tilmegenlik, usi tabisli boliwi ushin ju’da’ paydali”.

Mug’allim taxtag’a to’besine qar u’yilgen su’wrettin qistirip balalardan soraydi: “Ne ushin jazda biyik tawlardin’ to’besinde qarlar jatadi, tawdin’ to’besi ku’nge jaqing’o”. Oqiwshilar oylanip o’z pikirlerin ayta baslaydi. Ku’n nurlari jerge tu’siwi menen onin’ betin qizdiradi ha’m onnan atmosfera hawasi qizadi. Jerge qansha jaqin bolsa, sonsha jilli boladi ha’m kerisinshe.

Oqiwshilardi jaqsi emotsiyalar menen oqitiwdin’ 4 bag’dari bul mug’allimnin’ oqiw materiallarina emotsional ( qizig’iw, su’ysiniw, jaqsi ) qatnasta boliwi menen baylanisli boladi.

Baslawish mug’allimler minani este tutiwi kerek: mug’allimnin’ uqipliliq penen sabaqti suliw, obrazli etip, bar intasi menen, tu’sindiriwi oqiwshilarg’a ku’shli ta’sir etedi, olardi hayran etedi, o’zine tartadi.

## 2.2 Mug’allimnin’ oqiwshilar menen qarim-qatnasi barisindag’i sheberligi

Pedagogikaliq qarim-qatnas degenimizdin’ o’zi sabaqtag’i, sabaqtan tisqari waqittag’i mug’allim ha’m oqiwshilar arasindag’i belgili bir maqsetke qaratilg’an, qolayli psixologiyaliq klimatti payda etiwge arnalg’an qatnas bolip tabiladi. Egerde pedagogikaliq qarim-qatnas duris ornatilmasa oqiwshilardag’i isenimnin’, diqqattin’ oylawdin’ rawajlaniwi to’men boladi. Bunin’ saldarinan oqiwshilardin’ mug’allimge degen ko’z-qarasi, mu’nasebeti, u’yrenilip atirg’an pa’nge bolg’an qizig’iwshilig’i to’menleydi ha’m oqiwshilardi qolaysiz ahwalg’a tu’siredi.

Mug’allim menen oqiwshilar arasindag’i qarim-qatnas sezimlerge ta’sir etetug’in, quwanish alip keletugin, iske qizigiwshiliqti payda etetug’in tiykarg’i oqiw tarbiya islerin jen’illestiretug’in da’rejede bolg’ani jaqsi boladi.

Mekteptegi talim-ta’rbiya jumislarinda tiykarg’i orinda turatug’in eki bas figura- bul mug’allim ha’m oqiwshi bolip tabiladi.

Mug’allim ha’m oqiwshi arasindag’i qarim-qatnas jaqsi ornatilg’an bolsa oqiw ta’rbiya jumislarida jaqsi jolg’a qoyiladi.

Adamlar arasindag’I qarim-qatnas konkret xizmet u’stinde payda boladi.Konkret xizmet tu’ri onin’ mazmuni ha’m ko’lemi, sho’lkemlestiriw formasi ta’rbiyanin’ toliq na’tiyjeliligin ta’minley almaydi, al tekte ta’rbiya jumislarina mumkinshilik tuwdiratug’in kerekli sha’rayatlardi jaratadi.

Oqiwshilar menen birgelikte islenetuguin jumislar waqtinda pedagog penen oqiwshilar arasinda kerekli bolg’an qarim-qatnas ornaydi.Bunday qatnastin’ mug’allimnin’ aytqanina, qoyg’an talaplarina oqiwshilardin’ sanali tu’rde juwap beriwi bolip, og’an mug’allim basshiliq etedi, birliktegi jumis islew qatnasig’i ornaydi.

Klastag’i, mekteptegi ha’r bir balanin’ uliwma kewil xoshlig’i, balada ja’ma’a’t penen boliw tilegi pedagog ha’m oqiwshilar arasindag’i ornatilg’an qarim-qatnaslardin’ sipatina g’arezli boladi.

Mug’allim oqiwshilar menen qanday jumis alip barmasin, ol belgili da’rejedegi olardin’ a’dep-ikramliq da’rejesin, adamgershilik minez-qulqin, sezimlerin, aqil-oyin qaliplestiriwge ta’sir jasaydi.Sonliqtanda mug’allim ha’m oqiwshilar arasinda  mektep turmisinin’ pu’tin protsesinde, sabaq waqtinda, klastan tis jumislarda, ja’miyetlik turmista, miynette qanday da’rejedegi qarim-qatnaslardin’ ornatilatug’inlig’i ju’da’ a’hmiyetli bolip tabiladi. Balalar menen alip barilatug’in ta’rbiyaliq jumislardin’ na’tiyjeliligi ko’pshilik jag’daylarda mug’allim ha’m balalar arasindag’i qarim-qatnastin’ xarakteri menen aniqlanadi.

Pedagogtin’ balalarg’a bolg’an isenimi olarda mug’allimdi hu’rmetlew sezimin,mug’allimnin’ alg’a qoyg’an talaplarinin’ barlig’inda orinlaw za’ru’ligin ha’m tilegin payda etedi. Bunday mu’na’sebet a’lbette mug’allim ha’m oqiwshilar arasindag’i qatnas jaqsi jolg’a qoyilg’anda, o’z-ara tu’siniw bolg’anda g’ana ornaydi.

Mug’allim ha’m oqiwshi arasindag’i qarim-qatnasti duris jolg’a qoyiw ushin mug’allimde jeterli da’rejede qa’bilet boliwi kerek ha’mde o’zine-o’zi ba’rqulla tomendegi sorawlardi beriwi ha’m olarg’a juwap tabiwg’a ha’reket etiwi kerek: nege,kimdi, qanday u’yretiw kerek? Nege u’yretiw degende :

a) Ilim-pa’n jan’aliqlarin an’lap biliw, pa’ndegi jan’a terminlerdi tu’siniw,oqiw pa’ni materiallarin toliq o’zlestiriw

b) Uqip, ko’nlikpe ha’m qa’biletti qa’liplestiriw

c) Oqiw pa’nleri arasinag’i baylanisliliqti iske asiriw

d) Oqiw mazmunin tu’sinikli sistema tiykarinda quriwdi na’zerde tutamiz.

Kimdi u’yretiw degende:

a) Oqiwshilardin’ ayirim psixikaliq o’zgesheliklerin ha’mde olardin’ qay da’rejede oqimisli, ta’rbiyali ekenliklerin aniqlawdi

b) Oqiwshilardin’bir basqishtan ekinshisine o’tiwdegi qiyinshiliqlarin aldinnan aniqlawdi

c) Oqiw-ta’rbiya protsessin sho’lkemlestiriwde balalardin’ da’lilleri, pikirlerin esapqa aliwdi

d) Oqiwshilardag’i ha’r tu’rli psixikaliq o’zgerislerdi ha’m rawajlaniwin esapqa alip o’zinin’ pedagogikaliq xizmetin sho’lkemlestiriwdi

e) Ziyrek oqiwshilar menen o’z aldina islesiwdi sho’lkemlestiriwdi na’zerde tutamiz.

Qanday u’yretiw degende:

a) Inergiyani (jumis protsessinde jumsalatug’in ku’sh) ha’m jumsalatug’in waqitti esapqa alg’an halda oqitiw ha’m ta’rbiyalawdin’ ha’r tu’rli usillarin qollaniwdi na’zerde tutamiz.

Pedagogikaliq ta’sir ko’rsetiwdin’ tiykarg’i usillarina: talap qoyiw, inta’ oyatiw, marapatlaw ha’m jazalaw, ja’ma’a’tlik ta’sir ko’rsetiwler jatadi. Mug’allimnin’ oqiwshilarg’a qoyatug’in talaplari onin’ ha’reketine qarap sha’rtli tu’rde u’shke bo’linedi:

1. Oqiwshilardin’ miynet etiwge qatnasi
2. Sabaq waqtindag’i ta’rtibi
3. Basqalarg’a bolg’an qatnasi.

Mug’allimnin’ oqiwshilarg’a qoyatug’in talaplari tiykarinan oqiw ha’m ta’rbiya mazmunina baylanisli bolip keledi de, al balalardin’ o’z-ara qatnaslarina az itibar beriledi. Sonin’ menen birge oqiwshilardin’ o’z-ara qarim-qatnasina baylanisli qoyilatug’in talaplar da hesh qanday bir sistema bolmaydi ha’m olar arnawli tu’rde qoyilatug’in minnetlerdi orinlaw bolip esaplanbaydi, al ko’pshilik jag’daylarda tosinnan qoyiladi.

Soni aytip o’tiw kerek, oqiwshilardin’ o’z-ara qarim-qatnasina qoyilatug’in talaplar sani oqiw jilinin’ aqirina kelip azaya baslaydi, al ta’rtipti talap etiwdin’ sani arta baslaydi.

**Inta oyatiw-** oqiwshilarg’a ta’sir ko’rsetiwdin’ ta’sirli usili bolip, ol balalardin’ is-ha’reketleri, alg’a qoyg’an maqsetleri, ja’ne umtiliwlarin, qizig’iwshiliqlarina aylanadi.

**Marapatlaw ha’m jazalaw usili**-oqiwshilardin’ minez-qulqina baqlawdi yag’niy paydali is-ha’reketlerin qosimsha marapatlawdi ha’mde unamsiz qiliqlari saplastiriwdi ta’miyinleydi.

**Ja’miyetlik ta’sir ko’rsetiwler-** oqiwshilardin’ ja’miyetlik paydali is-ha’reketlerdin’ jan-jaqlama ha’m turaqli tu’rde marapatlap beriwdi ta’minleydi.

**Talap qoyiw-** bul pedagogikaliq ta’sir ko’rsetiwdin’ da’slepki usili bolip, olar ta’rbiyalaniwshilarda o’zine degen juwapkershilik ha’m talapshanliqti rawajlandiriwda ayiriqsha orin tutadi.

O’z-ara pikir alisiw menen ta’sir ko’rsetiw qurallari bolip isendiriw, ta’sir ko’rsetiw, o’z-ara pikirlesiw arqali ta’sir ko’rsetiwler xizmet etedi.

Isendiriw pedagogikaliq ta’sir ko’rsetiwdin’ usili sipatinda sabaqlarda oqiw mag’liwmati, do’retiwshilik pikir ju’rgiziwler formasinda qollaniladi.

Mug’allimnin’ balalar menen qarim-qatnasi ko’plegen faktorlarda da aniqlanadi. Bul faktorlardin’ en’ baslilari pedagogtin’ balalarg’a bolg’an printsipli qarim-qatnasin aniqlaytug’in sotsialliq faktorlar ha’m ta’rbiyashinin’ tulg’asina, onin’ pedagogikaliq oylarina, ta’rbiyanin’ waziypasin ha’m maqsetin tu’siniwine g’arezli bolg’an subeiktiv faktorlar bolip tabiladi.

Pedagogikaliq qatnastin’ funktsiyasi sotsial psixologiyaliq protsessi retinde to’mendegi funktsiyalar menen xarakterlenedi.Jeke adamdi biliwi xabarlar menen almasiw, isti sho’lkemlestiriw, ro’ller menen almasiw, o’zin-o’zi bekitiw. Xabar funktsiyali almasiw protsessin material ha’m ruwxiy bayliqlar menen ta’minlew oqiw-ta’rbiya protsessine jaqsi jol tuwdiradi.

Pedagogikaliq qatnastin’ du’zilisi bolip,

1. Mug’allim ta’repinen bolajaq ( sabaqtin’ ) klass penen qatnasti mo’dellestiriw.
2. Da’slepki o’z-ara ha’reket gezindegi qatnasti sho’lkemlestiriw.
3. Pedagogikaliq protsess waqtinda qatnasti basqariw.
4. Bolg’an qatnasti talqilaw.

Mug’allimnin’ balalar menen qarim-qatnas stili turaqli tu’rde ha’m u’zliksiz rawajlanip baratug’in qospali psixologiyaliq-pedagogikaliq qubilis bolip tabiladi.

Qarim-qatnas stili arqali mug’allimnin’ pedagogikaliq protsesske bolg’an tiykarg’i printsipial bag’itin, oni bag’darlang’anlig’in an’lawg’a boladi.

Pedagogtin’ ata-analar menen qarim-qatnas stili degende balag’a ta’rbiyaliq ta’sir ko’rsetiwdin’ belgili printsiplerine tiykarlang’an jumis usillari menen qurallarinin’ turaqli sistemasin tu’sinemiz.Pedagogta, ata-anada ha’r bir oqiwshig’a optimistlik isenim menen qarim-qatnas jasawi tiyis.

Mug’allim oqiwshilar menen boolatug’in ha’r qa’demdegi qarim-qatnas protsessinde to’mendegi qa’siyetlerdi iyelegen boliw lazim: sirtqi ko’rinisti qadag’alawdi, so’ylewdi mengeriwi, pedagogikaliq qatnasiq ma’deniyatin o’zlestirgen boliwi, oqiw-ta’rbiya protsessin sho’lkemlestiriwshilik ha’m mengeriw shen’berin iyelegen boliwi tiyis.

Takt mug’allimge sabaqtin’ barliq basqishlarinda kerek. A’sirese og’an diqqatti uy tapsirmasin tekseriw ha’m bilimin bahalaw gezinde diqqat awdariwi kerek. Barliq oqiwshilar mug’allimnin’ so’zin iqqat penen tin’lap bolip sol adamg’a qizig’iwshiliq penen juwap bergendi jaqsi ko’redi.A’sirese, oqiwshi juwap berip atirg’anda, og’an qarap ku’le shiray beriwi, maqullaw og’an u’lken qollap-quwatlaw boladi.

Pedagogikaliq takt sheberlik penen alinadi, ta’rbiyalanadi.Ol mug’allimnin’ ruwhiy baylig’inin’ na’tiyjesi. Barlig’inan da bul ha’zirgi balalardin’ psixologiyaliq jasin ha’m jeke ayirmashilig’in biliw.

A’lbette balalarg’a ta’sir etiwdin’ usilin biliw za’ru’r ha’m bulardin’ ishki du’nyasin biliw, sha’rayatqa iykemlesiw, ta’sir etiwdin’ maqsetke muwapiq usilin tan’lap aliwdi biliw kerek.

Mektep ma’mleketimizdin’ bir bo’legi, al mug’allimnin’ oqiwshilarg’a qatnasi ja’miyetli9k talapti bildiriw tu’siniginen kelip shig’iwi kerek.

Mug’allim ma’mlekettin’ isenimli adami sipatinda o’z pedagogikaliq pazitsiyasin ashiq ko’rsetiwi kerek.

Pedagogikaliq maqsetke muwapiq qatnas mug'allim ha'm oqiwshi arasinda o'z-ara siylasiqtan quralg'an.

Ha'r bir oqiwshini siylay biliw kerek.Mug'allimnim' birden-bir sheberligi oqiwshini ko'birek so'ylewge u'yretiw bolip esaplanadi.

Mug'allim ha'm oqiwshi arasinda bolatug'in qatnasta pedagogikaliq takttin' a'hmiyeti zor. Pedagogikaliq takt dep biz mug'allimnin' ta'rbiya protsessinde balalardin' kewilin, jan du'nysain, minez-qulqlarin ha'm psixologiya-fiziologiyaliq o'zgesheliklerin teren' biliw negizinde belgili bir jag'daylardin' talabina sa'ykes qollaniatug'in ha'diys-usillardin' qosindisina aytamiz. Pedagogikaliq takt toliq bolmag'aninsha mug'allim o'z pa'nin qansha teren' bilgeni menen, ta'rbiyaliq jumista ha'r tu'rli uslillardi bilgeni menen o'zinin' aldina qoyg'an jas a'wladqa ha'r ta'repleme ta'rbiya beriw maqsetine jete almaydi.Pedagogikaliq takttin' psixologiyaliq ma'nisi bar ekenligin aytip ketiw orinli.Pedagogikaliq takttin' qa'liplesiwi jeke oqiwshilardin' basindag'i sanali yamasa stixiyali tu'rde o'mir su'retug'in psixologiyaliq-emotsionalliq du'niyasinin' qurilisina baylanisli. Usig'an qaray jeke adam basqa adamlar menen, sonday-aq jas a'wlad menen qarim-qatnas jasag'anda ol o'zinin' jeke o'mir ta'jireybesin, adamlar arasindag'i qatnaslardin' qanday normalar arqali ju'zege asatug'inlig'in aniq ko'rsetiwge tirisadi. O'ytkeni pedagogikaliq takt belgili bir sistemada o'zine ta'n o'zgeshe quramali bo'leklerden turadi. Solardin' ishinde oqiwshilarg'a pedagogikaliq ta'sir etiwdegi ma'nilerdi saqlaw ma'selesi,jeke adamlardin', atap aytqanda mug'allimnin' balalardin' ruwhiy du'niyasin ha'r ta'repleme tu'sine biliwi, jas a'wladlardin' unmli qa'siyetleri taniy biliw onda pu'tkil adamgershilikli minezdi qa'liplestiriwge qa'biletliligi bolip tabiladi.

Demek, pedagogikaliq takt en' basil moralliq qa'siyet, onisiz ustazliq etiw mu'mkin emes. Pedagogikaliq takttin' uliwma negizi joqarida aytilg'aninday ol ha'r bir oqiwshinin, oqitiwshinin' praktikaliq xizmetinde ko'p tu'rli ha'm ha'r qiyli mazmunda bolip keledi. O'ytkeni ha'r bir mug'allim o'zine ta'n shaxs bolip, jas a'wladti ta'rbiyalawda qollanilatug'in usillar menen ta'silleri bar. Ta'rbiya

protsessinin’ usinday qurallarinan praktikada, turmista, mug’allimnin’ ku’ndelikli turmisinda paydalaniw mu’mkin. Usinin’ saldarian mug’allimnin’ pedagogikaliq takttin’ tu’p ma’nisin tu’sinbewi,o’zinin’ oqiwshilar menen qarim-qatnasin o’z ma’nisinde qollanbawi mu’mkin.

Bizin’ pikirimizshe mug’allimnin’ oqiwshilar menen qarim-qatnasi ha’r tu’rli jag’daylarda ha’r tu’rli boliwi mu’mkin.Sonin’ ushin jag’daylarg’a baylanisli duris sheshim menen ortaq til tabisiw duris talap qoyiw bir so’z benen aytqanda mug’allimnin’ oqiwshig’a orinli, a’dil ha’reketleri menen ta’sir etip otiriwi kerek.Mug’allimnin’ belgili shekten aspay oqiwshig’a ta’sir etiwi onin’pedagogikaliq taktine, sezimine, moralliq kelbetine baylanisli.

Oqityiwshi o’z so’zi menen oqiwshinin’ diqqatin awdariwi tiyis.Mug’allim balalar menen a’depli, sipayi qatnasta boliwi kerek. Kishipeyillilik- bul o’zinin’ basinin’ qa’dir-qimbatin seziniw degen so’z. Mug’allim so’zinde hesh qanday jekiriniw, baqirip jiberiw misqillaw usag’an ha’reketler bolmawi kerek.Ol o’z so’zinde o’zinin’ seziwlerin jetkiziw ushin intonatsiyalardan duris paydalaniwi tiyis. Oqitiwshi sabaq tu’sindirgende onin’ dawisi aniq ha’m tiniq shig’iwi kerek. Mug’allimnin’ oqiwshilar menen qarim-qatnas jasawinda onin’ dawisi u’lken ro’l oynaydi.Ha’r bir so’zdin’ a’debiy ko’rkemligi til baylig’I ko’rkem boliwi tiyis. Oqiwshi jasina say etip a’piwayi til menen tu’sindiriwi, ilimiy tilde ko’p qollana bermewi kerek. Mug’allim o’z ko’rkemlilik jag’inan basqa ka’sip iyelerinen ajiralip turiwi tiyis.

Juwmaqlap aytqanda ha’r bir pedagog jasalma emes, tabiyg’iy halda ha’r ta’repleme go’zzal, iqsham, adamdi o’zine tartqanday da’rejede boliwi tiyis.

Pedagogikaliq xizmette isendiriw ha’m sanag’a sindiriw. Sotsial-psixologiyaliq teoriyani ha’m qatnastin’ pedagogikaliq ta’jriybesin u’yreniw tiykarinda kommunikativ ta’sir etiwdin’ eki tiykarg’I usili yag’niy so’z ja’rdemi menen ta’sir etiw: isenim ha’m sin’diriw belgilengen.

Pedagogikanin’ ha’r bir ha’reket jasawi oqiwshilardin’ psixika ha’m minezine ha’r ta’repleme ta’sir etiwge bag’darlang’an. Biraq isenim ha’m sin’diriw mexanizimi birdey emes.

Isenim haqiqiy ha’m jalg’an boladi. Haqiqiy isenim shin haqiqiyqatliqqa tuwra keledi ha’m jeke adamdi ja’miyetlik bahali etedi. O’zinin’ haqiqiy isenimi ushin adam o’limge de tayar boladi. Jalg’an isenim ja’ma’a’t ushin paydasiz, ziyan islerge alip keledi.

Jalg’an isenimlerdi qayta quriw pedagogikada u’lken jumisti talap etedi. Birinshi gezekte bar ku’shti ja’ma’a’t du’ziwge, alis, orta ha’m jaqin perespektiva siziqlarin aniqlawg’a jumsaw kerek.

Klass ja’ma’a’ti menen birge pedagog ha’r bir oqiwshinin’ unamli ta’replerine su’yene otirip, jalg’an isenimdi joq etiwi tiyis.Jalg’an isenim haqiqiy isenim menen almasiwi kerek.Adamdag’I isenim 3 komponentten jasaladi.Bilim-sezim-minez. Isenimde tu’sinikli-qabil etildi-islendi degen formula is ju’zine asadi.

Isendiriw talabi isenimnin’ ja’rdemi menen jan’a ko’z-qaraslar, qatnas payda boladi.Yamasa naduris ko’z-qaras, qatnas o’zgeredi.

Isenimnin’ formalari bolip disput, diskussiya, gu’rrin’lesiw boliwi mu’mkin.

Isenimnin’ mazmuni ha’m formasi, jeke adamnin’ rawajlaniwindag’i (jasina qaray) da’rejege juwap beriwi kerek.Oqiwshinin’ haqiqiy turmis pozitsiasin biliw kerek.

Isenim metodin qollaniwda ta’rbiyalaw ushin balanin’ qizig’iwshilig’in biliw kerek.

Isenim oqiwshi ta’repinen erkin qabil etilgende (ta’rbiyashi ta’repinen ku’shli ma’jbu’rsiz) o’z maqsetine jetedi. Isenimnin’ na’tiyjesi mug’allimnin’ so’zi ha’m ha’reketine baylanisli. Ta’rbiyashinin’ so’zinde ha’m isinde ayirmashiliq

bolmaw kerek. Jeke oqiwshida jeke ko'z-qarastin' basil elementi bolip isenim tiykari bolg'an bilim sanaladi.

Da'lillew- bul bilim, ol eger da'lillewshi bolsa isenimge an'sat o'tedi. Da'lillew bul tezislerden turadi bul da'lilleniwi kerek oy-pikir.Argument bul nenin' ja'rdemi menen tezis da'lillelenedi, sol na'rse sabaqqa tayarlana otirip mug'allim oqiw materialin mazmunin analizleydi basil tezisti belgileydi.Negizi tek bir sabaqta emes al pu'tin temanin' bo'liminin' basil problemasin belgilep sonin'nan oni izbe-iz da'lillep ha'r sabaqta en' son'inda basil juwmaqqa keliwi kerek.

Isenim menen bir qatarda pedagogikaliq protsesstepedagogikaliq ta'sir etiw metodi bolip sin'diriw qollaniladi.

Sin'diriw bul adamlardin' qatnas ha'm ha'reketi protsessinde o'z-ara ha'reket etiw usili. Onin' basil ayirmashilig'I adamnin' psixika minezine bilinbey ta'sir etiwinde, sonin' menen birge sin'diriwde ta'sir etiwshi adamnin' aktivligi pa'seyedi.Uzaq waqit pedagogikaliq protsessti sin'diriwdin' ro'li moyinlanbadi.Biraq sin'diriw qa'legen pedagogikaliq protsessti orin iyeleydi.

Duris sho'lkemlestirilgen sin'diriw oqiwshilardin' sanali aktivligin sitimullastiradi.

Pedagogikaliq sin'diriwdin' uliwma jag'dayi bolip: oqiw materiali, mazmuni, sin'diriw bolip atirg'an ortaliq, sin'diriwde mug'allimnin' qatnasi, oqiwshilardin' mug'allimge qatnasi, jasti esapqa aliw, mug'allimnin' sin'diriw texnikasina iye boliwi.

Sin'diriw tu'rleri klasifikatsiyalaw ushin ko'binshe minalar tiykarlaniladi:

a) basqa adam ta'repinen bolg'an sin'diriw

b) o'z-o'zine sin'diriw

Subiekttin' awhalina qarap:

a) jaqsi jag’daydagi sin’diriw

b) uyqi jag’dayindag’I sin’diriw

c) gipnoz jag’dayindag’I sin’diriw

Sin’diriwdin’ ha’reketi na’tiyjesinde unamli ha’m unamsiz boliwi mu’mkin.

Birinshisinde unamli psixologiyaliq a’detlerdin’ payda boliwi.Al, unamsiz sin’diriwde unamsiz psixologiyaliq a’detlerdin’ payda boliwi. Mazmunina qarap ashiq ha’m jabiq sin’diriw boladi. Ashiq sin’diriwde maqseti formasi menen uqsas keledi.Jabiq sin’diriwde ne sin’dirilip turg’anin ayta almaydi.

Jeke adam rawajlaniwinda o’z-o’zine sin’diriw u’lken ro’l oynaydi. Bunda oqiwshi o’z qa’teshiligin tu’sinip o’zi du’zetiwdi qa’leydi. O’zin-o’zi sin’diriwdi ta’rbiyaliq maqsetke qollaniwda jeke adam joqari rawajlang’an boliwi kerek. Bunda oqiwshi o’z qa’teligin tu’sinip, qa’legen jag’adayda onnan qutiladi.Pedagog bul jag’dayda oqiwshini o’zin-ozi sin’diriw metodikasi menen qurallandiradi.

Mug’allim ta’repinen sin’diriw mina jag’daylarda boladi.

1. Ma’nisi tu’sinikli aniq so’zlerdi paydalaniw. 2. Temanin’ ayirmashilig’i. 3. So’z dinamikasi. 4. Muzika. Isenim ha’m sin’diriw o’z-ara tig’iz baylanisli. Olardin’ uliwma belgisi, basil qurali so’z.

Isendiriwdin’ effektivli sha’rtlerine to’mendegiler kiredi:

a) O’z-ara ha’reket ku’shin ta’minlew bul isendiriwshiliktin’ abroyi ko’teriledi. Oqiwshi qa’nshelli da’rejede mug’allimge jaqsi qatnas jasasa, ol sonday da’rejede onin’ isendiriwlerin qabil etedi.

b) Pedagog oqiwshini isendiriw ushin o’zinin’ ta’rbiyalaniwshisinin’ psixologiyasin jaqsi biliwi kerek ha’m sog’an qaray oqitip, ta’rbiyalaw kerek.

c) Isendiriwshi ha’m iseniwshinin’ bir-birine ta’sir jasag’andag’I intelektualliq ha’m emotsionalli jag’dayi.

Misali: Bala ha’dden tis ta’sirlengen, onda negative sezimler u’stemlik etedi. Al, pedagog oni esapqa almaydi, onin’ minez-qulqinin’ jaman ekenligin aytip baslaydi.Bul pedagogikaliq takt sa’tsizlikke alip keledi. Isendiriwshi ha’m iseniwshi aktiv jag’dayda qatnasiwi za’ru’r. Isendiriwdin’ na’tiyjeliligi mug’allimnin’ so’zi ha’m qiliqlarina da baylanisip, mazmunli boliw kerek.

Misali: Mug’allimnin’ so’zi menen isi bir-birine sa’ykes bolmasa, onda oqiwshi mug’allimnin’ so’zine qulaq salmaydi, diqqatin awdarmaydi, mug’allim duris so’z so’ylep atirsada olarg’a ma’nissiz bolip qaladi.

Jalg’an isenimler:

1. Ayiriqsha oqiw jaqsi emes, tek “maqtanshaq” yadlap aytatug’inlar oqiydi.
2. O’zin kemshiliksiz, jaqsi alip ju’riw bul o’zin ko’rsetiw ushin jalininw, jag’impazliq, til alg’ishliq, demek oqiwshi mug’allimnen ha’r qiyli eskertiwler alip turiwi kerek, bolmasa oni siylamaydi.
3. Mug’allimlerdi aldaw-aqilliliq ha’m tapqirliliqtin’ belgisi.
4. Mekteptegi ta’rtip normalarin ko’zge ilmew, mensinbew, barliq waqitta mug’allimlerdin’ sinag’inda, tekseriwinde boliwi tek ku’shli xarakterdegi oqiwshinin’ qolinan keledi.
5. Barliq ku’sh-jigeri menen berilip islewi kerek emes, ku’sh jumsaw.
6. Mug’allimnin’ aytqanin tin’lay bermew kerek, bolmasa jumsay beredi.

Bunday jalg’an isenimlerdi qayta quriw mug’allimnen uzaq dawam etken ku’shti talap etedi.Bunin’ ushin klass ja’ma’a’tinde janli ja’miyetlik pikirdi payda etiw, arnawli bahali jeke o’mirlik ta’jiriybeden ha’r qiyli misallar keltiriw, qa’te isenimlerdi biykarg’a shig’ariw kerek.

Jalg’an isenimlerdi saplastiriwda pedagog Kochetov to’mendegi ayirim usillardi ko’rsetedi.

1. Balanin’ o’zin basqalar menen salistirip ko’riwge ma’jbu’rlew. O’zi menenqarsi pikirdegi, biraq o’zi ushin qiziqli bolg’an adam menen jaqinnan tanistiriw. Misali: bala oqig’isi kelmeydi, al onin’ dostisi ko’p oqiydi ha’m ko’p biledi ha’m onin’ menen hesh qanday maqtanshaq yamasa yadlap aliwshi bolip ko’rinbeydi.

2. Ju’da’ jaramsiz ko’z-qaraslar ha’m isenimler keleshekte nelerge a’kelip sog’atug’inlig’in tu’sindiriw. Misali: usinday kemshilik penen ko’p qiynalg’an, o’z o’mirin zayalag’an, erkinlikten, abiray-insaptan ayirilg’an adam tuwrali aytip beriw kerek. Da’slep ol o’zin ku’shli dep sezgen, al turmis onin’ a’zziligin, jamanlig’in da’liylengenligi haqqinda gu’rrin’ler aytip beriw, turmistan misallar keltiriw kinofilmler ko’rsetiw h.t.b.

3. Jas o’spirimnin’ pikir ju’ritiwin jaqsilaw. Misali: eger ha’mme oqiwshilar mug’allimdi alday berse, minez-qulq qa’delerine boysinbasa bunin’ aqibeti ne boladi.

4. Ta’rbiyalaniwshilardin’ o’z pikirin ashiq ayta biliwge u’yretiw, o’zinin’ oyin, ko’z-qarasin qorg’ap ha’m da’liylep beriwge ta’rbiyalaw, krujok, sportqa qatnasiw. Adamnin’ isenimi 3 komponentten turadi dep biz joqarida aytip o’ttik. Bilim, sezim, minez-quliq. Isenimge tu’sinemen, oylanaman, o’zime qabil etemen usi menen o’z xizmetimdi ha’m minez-qulqima basshiliq etemen degen formula kelip shig’adi.

Isendiriwdin’ ta’sir etiw metodi to’mendegilerden turadi:

1. Isendiriw ta’sir etiw metodi bolip, mazmunli ha’m formasi balalardin’ jas o’zgesheligine juwap beriwi kerek. Misali: Kishi mektep jasindag’I balalarg’a misali retinde ertekler, an’izlar, fantastikaliq gu’rrin’ler aytiw, du’nya tanitiw, adamgershilikke ruwxiy du’nyasin u’yretiw tuwrali aytiw.

2. Isendiriw ta’rbiyalaniwshinin’ jeke o’zgesheligin esaqa alg’an halda du’zilgen boliwi kerek. Oqiwshinin’ shin o’mirlik pozitsiyasin biliw za’ru’r.

3. Isendiriw uliwmalastirilg’an jag’daydi ha’m ayqin faktlerdi, misallardi iyelew kerek. Kishi mektep jasinda ko’rsetiw, bir neshe obrazli qurallardan paydalaniw maqsetke muwapiq bolip tabiladi.

4. Basqalardi isendire otirip, ta’rbiyashi o’zinin’ aytip atirg’an ha’r bir so’zine teren’ iseniwi kerek.

Aytilg’an pikir, oy-sezim birlikte bolsa g’ana isendiriw metodi balag’a ta’sirli boladi.Isendiriw menen bir qatarda pedagogikaliq ta’sir etiw metodi esabinda pedagogikaliq protsesste boysindiriw u’lken a’hmiyetke iye.Boysindiriw bul adamlardin’ qatnas jasaw ha’m xizmet etiw protsessindegi bir neshe ta’sir etiw qurallinin’ biri. Onin’ tiykarg’I o’zgesheligi sonda ol adam psixikasina ha’m minez-quliqina og’an bildirmesten, sezdirmesten ta’sir etedi, onin’ jeke psixikaliq strukturasina qadag’alawsiz kirip ha’m ku’ndelikli turmista qiliq-qilwa ha’reket etiw, maqset etiw formasinda iske asadi. Duris sho’lkemlestirilgen boysindiriw formalari oqiwshilardin’ ha’r qiyli tu’rleri pedagogikaliq ta’sir etiw qurallarin bayitadi, mug’allimlerge oqiwshilar menen jaqsi jeke qatnas jasawda mu’mkinshilikler tuwdiradi.

Boysindiriw to’mendegi tu’rlerge bo’linedi. 1. Boysindiriwshi ta’sirlerge baylanisli. a) Basqa adamnin’ ta’sir etiwi arqali boysiniw, b) O’zin-o’zi isendiriw, 2. Subiekttin''jag’dayina baylanisli miyine sin’diriw. 3. Aldin-ala oylanilg’an ha’m aldin-ala oylanilmag’an boysindiriw.

Aldin-ala oylap islengen boysindiriwg’a mug’llim o’zinin’ aldina qoyg’an maqsetke jetiw ushin psixologiyaliq ta’sir etiwdi duris sho’lkemlestiredi.Misali: besinshi klass oqiwshisi ju’da’ uyalshaq bolsin, bala ju’da’ to’men bahag’a oqiydi.

Qaraqalpaq tili mug’allimi o’zinin’ bir sabag’inda bilay deydi:

Sizlerdin’ jazg’an shig’armalarin’izdi tekserdim.Jaqsi jazilg’an shig’armalardin’ biri Murattin’ jazg’ani, Murat jaqsi.Tur ornin’nan. Sen u’yge berilgen tapsirmani jaqsi ha’m isenimli tu’rde ayta alasan’ qa’ne doskag’a shiq!

Al aldin-ala oylanilg’an boysindiriw o’z aldina belgili bir pikirdi, oydi, ha’reketti, ta’sir etiw qurallarin maqset etip qoyadi.Ko’pshilik waqitta mug’allimler o’zleride sezbeydi, onin’ ku’ndegi a’detke aylang’an baqirisi, so’ylewi bir balanin’ izine tu’sip alip, bir so’zdi qaytalay beriwi balag’a ku’shli ta’sir etedi.Onin’ miyine sin’ip qaladi.Ol a’dettegidey qaytalaydi. Sen aqmaqsan’, ha’mme waqitta oylanbay aqilsiz so’zlerdi so’yleysen’. Men bilemen sen hesh waqitta du’zelmeysen’, qolin’nan hesh na’rse kelmeydi, orinlay almaysan’, u’yin’de seni hesh jumsamag’an, qanday ata-ana ta’rbiyalag’an seni dep balag’a baqiradi. Bunda mug’allim hesh qanday oylanbastan ta’rbiyalaniwshig’a keri ta’sir jasaydi.

Onda o’zinin’ ku’shine isenbewshilik, o’zinin’ kemshiliklerin hesh qashan du’zetiw mu’mkin emes degen oy balanin’ barliq diqqatin biylep aladi ha’m bala usi menin’ bolg’anim, jaqsi bolalmayman, menin’ qolimnan hesh na’rse kelmeydi, degen pikirge keledi. Miasli: jas mug’allim o’zinin’ oqiwshilarinin’ imtixang’a jaqsi tayarlaniwi ushin jil boyina olarg’a imtixansizlerdin’ nege uqipi ekenligin’izdi ko’rsetedi, ele sizzler oylamay-aq qoyin’, an’sat o’tip ketemiz dep. Sizlerdin’ barliq kelesheklerin’iz imtixanda belgili boladi dep qaytalap keledi.

Na’tiyjede ko’pshilik oqiwshilar imtixannin’ waqtinda o’zinin’ mu’mkinshiliklerinen de beter aytarliqtay to’men na’tiyjeni ko’rsetip bes bahasina oqip ju’rgen oqiwshilar da zordan u’sh aladi.Mug’allim hayran qaladi. Sebebi onin’ jil boyina balalardi imtixan tapsiriwg’a degen qorqiwg’a ha’m o’zlerinin’ ku’shlerine isenbewshilikti miyine sin’irip kelgen. Balalardin’ biliw, oqiw xizmetin toqtatip tasladi.

Ayirim waqitlari, mug’allimler ha’kis, keri so’zler menen ta’sir etetug’in ta’rbiyashilardi ko’plep ushirastiradi. Usinday keri isenim menen balanin’ minez-qulqi o’zgerip ketedi. Na’tiyjede ha’r qiyli konflikt payda boladi.

Misali: Roza ortasha uqipli qiz, bosan’law, onsha asiqpaydi, birden jaman oqiytug’in bolip qaldi.

Ne ushin to’menlep ketkenligin sebebin sorasa, ol mug’allimlerge hesh qiylanbay arqayin juwap beredi. Basim islemeydi, aqmaqpan! So’ylesiwlerde aniq boladi. Ol u’y tapsirmasin orinlap otirg’anda onin’ qasina kempir apasi otirip alip, onin’ a’sten qiymildag’anina, bosan’lig’ina ashiwlanip. Senin’ basin’ islemeydi, awishsan’ dep balani isendirip taslag’ani ma’lim boldi.

Na’tiyjelerine qaray ta’sir etiwshi boysindiriwlar jaqsi ha’m jaman boliwi mu’mkin.

1. Jaqsi- bunda jaqsi psixologiyaliq sanalarda payda boliwi (a’detler, qizig’iwlar, ko’z-qaraslar, qarim-qatnaslar).

2. Jaman- isenimde, bulda adamdi ha’r qiyli jaman psixologiyaliq sana, o’zgeshelik ha’m jag’daylar payda boladi. (o’zin to’men bahalaw, juwapkersizlik, biyparwaliq h.t.b.)

Teoriya ha’m ta’jiriybe birligi. Ha’r qanday tabisli is oylanilmag’an, tosattan ju’zege keliw qiyin. Ta’rbiyashi tabisli usilinin’ tiykarg’I ha’m a’hmiyetli bo’limleri maqsetti aniq biliw, maqsetke jetiw jollarin yamasa basqasha aytatug’in bolsaq ta’rbiyashinin’ ta’rbiya protsessinin’ nizamliqlarin biliwi. Degen menen ta’rbiyashiliq sheberligi tek ta’rbiya nizamliqlarin biliw g’ana emes, al sol nizamliqlardan do’retiwshilik penen paydalanip, ta’rbiya maqsetine jetiwge a’mel qiliw.

A.B.Makarenko ta’rbiya haqqinda to’mendegilerdi ko’rsetedi. “Ta’rbiyalay aliw bul o’ner (sana’t) tap o’neri bolg’anda da skripkada oynay alg’anday, su’wret sala alg’anday, jaqsi frezerovshik yamasa tokar bolg’anday o’ner. Adamnin’ qolina tek kitap berip, og’an ren’lerdi ko’rsetpey, skripkani qolina uslatpay, stanokta isletpey, jaqsi su'wretshi, muzikant, freezer etip bolmaydi. Ta’rbiyanin’ qiyinlig’I sonda, oni tek ta’jiriybe ha’m u’lgige tiykarlang’an halda g’ana iske asiriw mu’mkin. Adam qanday oqiw ornin pitkermesin, qansha talantli bolmasin ta’jiriybede ko’rmey, islemey jaqsi ta’rbiyashi bola almaydi” – degen edi.

Ta’rbiyashiliq shinina jetiw ushin mug’allim bul mashaqatli joldi o’z basinan keshiriwi kerek.

Ta’rbiyashinin’ tiykarg’I iyelewi lazim uqiplari.Ta’rbiyashiliq sheberlik mazmuni tiykarg’I bilimlerge tiykarlang’an uqipliliqlar. Ta’rbiyashinin’ a’hmiyetli uqipliliqlarina “Balalar du’nyasinda bolip atirg’an, ha’r qiyli jag’dayda ha’r bir bala menen bolip atirg’an qubilislardi duris tu’siniw uqibi ta’rbiyaliq jag’dayg’a baylanisli”, maqset-qural-juwmaq birligin duris analizley aliw, talap etiw ha’m iseniw uqibi, tez bag’dar ala aliwshiliq ha’m diqqatti sol ta’rbiyaliq jag’dayg’a awdara aliw, balalar menen oynay aliw, ha’zillese aliw jag’daydi ha’r ta’repleme bahalay aliw, ko’p pedagogikaliq faktlardan a’hmiyetlisin g’ana bo’lip aliw, tosattan fakttegi waqiyadan negizdi ko’re aliw, bir qiyli jag’daylar ushin ha’ qiyli ta’sir etiw usillarinan paydalana aliw, o’zinin’ kewil xoshin, sezim ha’m oyin ha’reketi, mimikasi, so’zi arqali jetkere aliw. (Azarov Yu.N. “Ta’rbiyalaw o’neri”).

Aytilg’an uqiplar menen baylanisli: balalar menen oqiw, miynet, sport maydanlarinda til tabisiw ha’r bir balag’a jol tabiw, balalar baslamasin rawajlandiriw, qiyin waqitlari ja’rdemge keliw, ken’esip turiw, a’zzilerge g’amxorliq, menmenlerdi keshire biliw, jaman, turpayi is-ha’reketlerge shidamay tikkeley qarsi shig’a aliw h.t.b. ta’rbiyashig’a og’ada za’ru’rli uqiplar.

Ta’rbiyashi sheberligi du’zilisi. O’z gezeginde: texnologiyaliq, sotsial-psixologiyaliq, (qatnasiqlar) ha’m etikaliq (a’dep-ikram) salalarg’a bo’linedi.

Ta’rbiyashi sheberligi texnologiyaliq salasi degende ta’rbiyashinin’“ Oqiwshig’a ha’m ja’ma’a’tke ta’sir etiwde o’z ku’shin u’nemley otirip, qa’legen maqsetine erisiwdin’ aniq qurallarin taba aliw” iskerligi na’zerde tutiladi.

Bunday texnika ne o’zi?Bul ta’rbiyashinin’ oqiwshilardin’ ta’rbiya jumislarin aqilg’a muwapiq sho’lkemlestire aliwi.Yag’niy olardin’ o’zlerine a’sirese joqari oqiwshilarina pedagog funktsiyalarin (xizmetin) tapsiriw arqali ta’rbiyalaw.Ga’p oqiwshilardin’ o’zlerin qolinan keletug’in jumislardi o’zlerine

tapsiriw, o’zin-o’zi basqariwdi sho’lkemlestiriw arqali ja’miyette ta’rbiyaliq tiykar saliw.

Tilekke qarsi bu’gingi ku’nde mekteplerde na’wbetshilikti sho’lkemlestiriw, kino, teatr, mu’zeylerge bariw, klasti tazalaw, bayramlar, ushirasiwlar t.b. lar o’tkeriw ele klass basshilarisiz o’tkerilmeydi, ta’rbiya bul bag’darda alip barilsa ta’rbiyashi-aktiv ku’sh, oqiwshi-passiv orinlawshi bolip qalip, oqiwshilarda baslamashiliq, sho’lkemlestiriwshilik uqsag’an iskerlik tu’rleri rawajlanbay qaladi. O’z betinshe islewge u’yrenbeydi, aqibetinde “Jetpiste de jeti jasindag’iday” bolip qaladi. Ta’rbiyaliq texnologiya ta’rbiya jumislarin birge basqariw ha’m o’zlerin-o’zleri basqariwg’a u’yretedi. Ta’rbiyani bul ta’rtipte alip bariw- ta’rbiyashinin’ ta’rbiyag’a ma’sla’ha’tshi, ko’mekshi, baqlawshi sipatinda qatnasiwin talap etedi.

Bul texnologiya ta’rbiyashinin’ kollektiv do’retiwshilik jumislarin (KDJ) sho’lkemlestiriwin talap etedi.Bul jumislar a’dette 6 etapta iske asiriladi.Qisqasha 3 ko’llektivlik jobalstiriw, ko’llektivlik o’tkeriw, ko’llektivlik analiz- formasinda da sho’lkemlestiriwde mu’mkin.Lekin 6 etapta sho’lkemlestiriw bul jumislarda qalay o’tkeriletug’inlig’in aniq ko’rsete aladi. (M.P.Ivanov ko’rsetpesi.).

1-statya- Ko’llektivtin’ aldin ala tayarliq jumislari.Bul jumisti aldag’I quwanishli, paydali jumis penen qiziqtiriw maqsetinde ta’rbiyashinin’ o’zi o’tkeredi. Bunda ne ushin, kim ushin islew kerek ekenligin, qashan, kim, kim menen birge, kim sho’lkemlestiriwshi ma’selelerin tu’siniwi u’lken a’hmioyetke iye.

2-statya- Ko’llektivlik jobalastiriw.Joba aldin zvenolarda, toparlarda islep shig’ilip, bul sheshim uliwma ha’mme birlikte qayta ko’rip shig’iwina usiniladi.

3-statya- Ko’llektivlik KDJ ti tayarlaw.Jumisti tayarlaw ushin jumisti ken’esi, ha’r bir topardin’ wakili, basqariw organi saylanadi.Ken’es ag’zalari etip ma’sla’ha’tshiler, pedagoglar, joqari klass oqiwshilar, ata-analar, meshit qa’wim aqsaqallari t.b. da saylaniwi mu’mkin. Ken’estin’ waziypasi ma’seleni birlikte

sheshiw jobani konkretlestiriw, tayarliq ha’m o’tkeriliwin qadag’alaw, o’z ta’jriybelerin u’yreniw h.t.b.

4-statya- KDJ ti o’tkeriw.Kollektivlik joba iske asadi.Bul basqish tayarlag’an, birden payda bolg’an syurprizler, impronizatsiyalar menen bay boladi. Kerek bolsa jumis barisinda elespesiz halda du’zetiw ha’m toliqtiriwlar kirgiziliwi mu’mkin.

5-statya- Kollektivlik juwmaqlaw ku’tilgen juwmaqlardi jiynaw.Ha’r bir topardin’ pikiri jiynaladi.Qanday utis.Endigi jumislarda nelerdi esapqa aliw kerek.

6-statya- Aqibet.Pedagogikaliq juwmaqlaw, endigi jumislarda jetiskenliklerdi paydalaniw, kemshiliklerge jol qoymaw.Metodikaliq jetilistiriw jollarin qarastiriw.Da’stu’rge aylandiriwdi jobalaw.

Qarim-qatnasiqlar ta’rbiyaliq factor retinde.Kollektiv ishinde o’z-ara qatnasiqlardin’ qalay sho’lkemlestiriliwi ta’rbiya jumislarinda a’hmiyetli faktorlardin’ biri.Balalardin’ o’z-ara qatnasin, jag’dayin biliw ta’rbiyashi sheberliginin’ a’hmiyetli qurallarinin’ biri.Balalar ha’r ku’ni bir-biri menen ushirasadi, quwanadi, jaman na’rselerge qapa boladi.Usi psixologiyaliq birge jasasiw barisinda ha’r qiyli qatnasiqlar qa’liplesedi.Mug’allimnin’ bas waziypasi balalar ja’ma’a’tin qaliplestiriw, olardibir-birine hu’rmet, birge islesiw, bilim aliw, birge jasawg’a ta’rbiyalaw.

Balalar ha’m mug’allim menen oqiwshilar arasindag’i qatnasiqti jaqsilawda ha’r bir na’rseni, is-ha’reketti duris bahalawg’a u’yretiw, olardin’ jaqsi ta’rbiyaliq bag’dar aliwina jaqinnan ja’rdem beredi.

Duris qatnasiqlardi ta’minlew ushin juwmaqlawshi jiynalislarda ha’r bir balanin’ jaqsi islerin, klastin’ jetiskenliklerin maqtaw, klass, mektep aynasin sho’lkemlestiriw, balalar minez-qulq, is-ha’reketlerin taliqlaw ha’m bahalaw usag’an usilllar qollaniladi.

Na’wbetshi basshi usilda og’ada paydali.

Klastag'I ha'r bir oqiwshi gezek penen keminde 3 ku'n na'wbetshi, basshi etip tayinlanadi.Ha'r bir na'wbetshilik mug'allim ta'repinen a'dil bahalanadi. Bul usi ha'r bir oqiwshini ta'rbiyanin' ha'reket etiwshi subiektiha'm bahalaw obiekti pozitsiyasina tu'sinip duris qatnasiqlar qaliplestiriwshisine aylandiradi.

Balalar ortasindag'I qatnasiqlarg'a duris basshiliq etiw ushin uqipli ta'rbiyashi olar arasindag'I kelispewshilikler, qarama-qarsiliqlar tu'rlerinde biliwi a'hmiyetli.

Pedagogikaliq situatsiyalar barisinda ko'birek ushirasatug'in tiykarg'I kelispewshilikler tu'ri u'shew bular:

1. Boysinbaw, tikkeley qarsi shig'iw t.b tu'rindegi
2. Minez-qulq is-ha'reketi tu'rinde
3. Qatnasiqlar barisindag'I

Boysinbaw, tikkeley qarsi shig'iw, kelispewshilikleri, sebepleri ha'r qiyli boliwi mu'mkin.

VI-klasta matematika sabag'i.taxtag'a eki bala shaqirilg'an, olar o'zlerine berilgen tapsirmani islep atir. Basqa balalar mug'allim basshilig'inda shinig'iwlar islep atir.Balalardin biri (Eshmat) tapsirmani orinlawda qiynalip atir, jazg'anlarin qayta-qayta sizip taslap, qasindag'I balag'a qarap qoyadi.Qasindag'I bala tapsirmani qunig'ip islep atir.Mug'allim taxtadag'i balalardi tekserip basladi.Eshmatqa kelgen waqitta "Eshmat seniki ba'rha' usinday. Qaran'lar! Ol hesh waqitta hesh na'rse bilmeydi. Sen bir na'rse bilsen' gu'na' boladi". Eshmat qizarip turip "O'zin' oqiy ber"-dep qapini tars ettirip klastan shig'ip ketti. Klass basshisina bala matematika sabag'I "kerek emes" ekenligin ha'm "qatnaspayman"- dep qatan' juwap beredi.Mug'allim bul waqiyag'a hayran. Onin' so'zine qarag'anda bala burin sabirli, tinish ha'm anaw-minaw eskertiwlerge diqqat awdarmag'an.

Bunday sabaqtag’I oqiw jumislarina baylanisli kelispewshilik jag’aday mug’allimge bag’inbay qarama-qarsi halina alip keledi. Payda bolg’an ha’reket boysinbaw tu’rindegi kelispewshilik sheshiliwi og’ada qiyin, minez-qulq ha’m qatnasiqlar tu’rindegi qarama-qarsiliqlarg’a aylanadi. Jag’day pu’tin klastin’ narazilig’ina aylaniwi mu’mkin, al mug’allim bolsa hesh kimnin’ qollap-quwatlawisiz qaliwi attan aniq.

Ana tili sabag’inda mug’allim, sabaqqa qatnaspay otirg’an balag’a bir neshe ret eskertiw jasadi. Al, bala bolsa qulaq aspay, o’zi jasap alg’an qag’az burshaqlarin ha’r kimge atip otira berdi, arasindag’I qoli jetken jerdegi balalrdi sizig’ish penen urip ya’kitu’rtip de qoyadi.

Mug’allim balanin’ klastan shig’ip ketiwin talap etedi.Bala turpayi tu’rde gu’n’kildedi de otira berdi.Mug’allim sabaqti toqtatti.Klass shawqimlasa basladi.Al, bala burshaq atiwdi toqtatqani menen orninda otira berdi.Mug’allim stolg’a otirip jurnal jaza basladi balalar o’z isleri menen ba’nt.Usilay 20 minut o’tti.Qon’iraw, mug’allim orninan turip bu’gin klass tolig’I menen 6-sabaqtan keyin klasta qalatug’inin dag’azaladi.Ja’ne ha’mme guw etti.

Balanin’ o’zi bunday uslawi mug’allim menen balanin’ o’z-ara qatnasinin’ toliq sa’tsizligi boli, mug’allimnin’ jumisi haqiyqatinda balalardin’ jarilqawinan g’arezli bolip qalatug’in jag’dayg’a alip keledi.

Minez-qulq is- ha’reketi (postupok) turindegi qarama-qarsiliqlar mug’allimnin’ balanin’ is-ha’reketin analizlewge qa’telesken, tiykarsiz juwmaqqa kelgen, balanin’ ne ushin unamsiz is qilg’an motivin tu’sinbegen jag’daylarda payda boladi. Balanin’ ana ya’ki mina unamsiz is- ha’reketti islew motivi ha’r qiyli boliwi mu’mkin.

Balanin’ ne ushin ta’rtipsizlik, moyinsinbaw, tin’lamaw sebepleri haqqinda toliq mag’liowmatqa iye bolmay, yamasa anig’ina jetpey aq mug’allim balani du’zetiw ha’reketine kirisedi. Mug’allim balalar o’mirin,olar aasindag’I qatnas jag’dayin ba’rha’toliq bile bermeydi. Al, bul jag’day balalardin’ qilg’an isine baha

beriwde qa’teshilikke jol qoyiwg’aalip keledi.Usi qa’teshilik balanin’ orinli qarsi shig’iwina alip keliwi mu’mkin.

“Ana tili sabag’I jaqinda kelgen mug’allim balalardi ele toliq bilmeydi.Jumisti eki oqiwshidan otirg’izip isletiw maqsetinde Abatqa Polattin’ qasina otiriwdi usinis etedi.Abat ne ushin ekenin tu’sindirmey Polattin’ qasina otiriwdan bas tartadi.Mug’allim qatan’ tu’rde; “Eger Polat penen otirmasan’, klassti bosat”.O’zinin’ bul buyrig’I menen Abat qorqsada, uyalsada ko’rsetken jerde otiradi dep oylag’an edi.Kerisinshe bala dim u’ndemey sabaqtan shig’ip ketedi.Erten’ine Abattin’ anasi kelip ne sebep balasinin’ sabaqtan quwilg’anin soraydi ha’m balasinin’ Polat penen otirmag’aninin’ sebebi Polattan ekenin aytadi.

Mug’allim balalardin’ jeke o’zgesheligin esapqa almadi: Abat juwas ha’m tili shu’ldir (so’zlerdi shala aytiw) edi. Og’an ba’rha’ balalar o’zinin’ ustinen ku’letug’inday, oni ermekleytug’inday tu’yiletug’uin edi.Onnan qala berse Abat Polat penen tez-tez urisip turatug’in edi. Usi saparida Polat og’an mug’allim bayqamaytug’in halda ‘Ha’y shu’ldir jolama, otirmaysan’”-degen edi.

Usi kishigirim balalar arasindag’I kelispewshilik Abattin’ minezine sol waqitlari jaman ta’sir etken edi.Al, mug’allimdi o’zinin’ talabinin’ orinlang’ani g’ana qiziqtiradi. Ta’jriybeli mug’allimler balalar minez-qulqin esapqa alip , biri menen otirg’izadi. Ayirim mug’allimler balalardin’ qa’legen adami menen otiriwina ruxsat etedi.Mug’allimnin’ bunday sheshimi, ha’r qiyli jumislardi qon’sisi menen birlikte islesiwine jaqinnan ja’rdem beredi.

Sabaqti shoqliqlar mektep o’mirinde a’lbette ushirasip turadi. Sebepleri ha’r qiyli: geyde mudami qiyaliy, geyde balalar yaki mug’allim boyindag’i kemshilikler, qullasi balalar arasinda mektep o’mirin tu’rlendiriw, tan’landiriw, yamasa ko’zge tu’siw t.b. maqsetlerde shoqliqlar islep turadi. Geyde shoqliqlar mug’allimlerge qirsig’iw, menen de baylanisli boliwimu’mkin.

Bir missal: “7-klassta matematika mug’allim partalar arasinan o’tip baratirg’anda balalardin’ birewi onin’ kiyiminin’ etegine qisatug’in qisqishti ildirip

jiberdi. Balalar ku'lisip basladi.Olardin' birewi a'ste g'ana "Bizin' mug'allim monshada da isleyme deymen" – dep qoydi.Mug'allim waqiyani bilip qoydi.Ashiwi keldi.Balalardin' birewin ayiplap, menin' aldima alip keldi.Lekin ol bala hesh na'rse aytpadi.Al, men bolsam miyiq tartip ku'lip qoydim" – dep jazadi bir mektep direktori.

Basta aytqanimizday ta'rbiyaliq is-ha'reket og'ada qiyin ha'm quramali. Sebebi onin' belgili shegarasi joq. Mug'allim ta'rbiyaliq is ha'reketti mudami, barliq jerde (sabaqta, sabaqtan tisqari jumislarda, balalar menen miynet etiwde) iske asiriwshi aktiv subiekt. Onin' pedagogikaliq xizmeti barisinda ushirasatug'in barliq jag'daylar ushin tayar retseptti og'an hesh kim islep bere almaydi. Mug'allimge balalar ja'ma'a'tindegi qatnasiqlar jag'dayin biliw, o'z ha'm ka'siplesleri ta'jiriybesinen juwmaq shig'ariw, sezgirlik, salistira biliw, bala ha'reketinin' motivin ha'm aqibetin tu'siniw t.b lar ta'rbiyashiliq sheberligin jetilistiriwine jaqinnan ja'rdem beredi.

Ta'rbiyashinin' sheberligi bul do'retiwshilik.Ha'r qanday jag'dayda ta'rbiyashi sheberligi do'retiwshilik bolip esaplanadi.Sebebi qa'legen pedagogikaliq ta'rbiyaliq jag'daydin' tayin juwabi joq.Oni mug'allim balalar menen islesiw barisinda izlep tabadi, balag'a ta'sir etiwde sol tabisti do'retiwshilik penen qollanadi.

Ta'rbiyashinin' sheberligiko'plegen mug'allimler oqitiw jumislarina qarag'anda ta'rbiya jumislarinin' qiyin ekenligin aytadi.A'sirese bul jag'day jas mug'allimler arasinda ko'birek ushirasadi. Bul a'lbette haqiqiyliq, sebebi ta'rbiyalaw oqitiw protsessine qarag'anda bir qansha ken'irek ha'm quramali protsess. Ta'rbiya adamdi intellectual potentsiyalliq rawajlandiriwshi insaniy jetilistiriwshi, estetik seziniwdi ha'm bilimlilikti, miynet su'yiwshilikti ha'm miynetke u'yretiwshi qu'diretli ku'sh.

Ta'rbiyaliq sheberlikte teoriya ha'm ta'jiriybe birligi. Ha'r qanday tabisli is oylanilmag'an, tosattan ju'zege keliw qiyin. Ta'rbiyashi tabisli usilinin' tiykarg'I

ha'm a'hmiyetli bo'limleri maqsetti aniq biliw, maqsetke jetiw jollarin, yamasa basqasha aytatug'in bolsaq ta'rbiyashinin' ta'rbiya protsessinin' nizamliqlarin biliwi. Degen menen ta'rbiyashiliq sheberlik tek ta'rbiya nizamliqlarin biliw g'ana emes, al sol nizamliqlardan kelip shig'atug'in barliq usillardi, qurallardi, bilimlerdi do'retiwshilik penen paydalanip, ta'rbiya maqsetine jetiwge a'mel qiliw.

Ta'rbiyashi sheberligi du'zilsi. O'z gezeginde: texnologiyaliq, sotsial-psixologiyaliq, (qatnasiqlar) ha'm etikaliq (a'dep-ikram) salalarg'a bo'linedi.

Ta'rbiyashi sheberligi texnologiyaliq salasi degende ta'rbiyashinin' "Oqiwshig'a ha'm ja'ma'a'tke ta'sir etiwde o'z ku'shin u'nemley otirip, qa'legen maqsetine erisiwdin' aniq qurallarin taba aliw" iskerligi na'zerde tutiladi.

Bunday texnika ne o'zi?Bul ta'rbiyashinin' oqiwshilardin' ta'rbiya jumislarin aqilg'a muwapiq sho'lkemlestire aliwi.Yag'niy olardin' o'zlerine a'sirese joqari oqiwshilarina pedagog funktsiyalarin (xizmetin) tapsiriw arqali ta'rbiyalaw.Ga'p oqiwshilardin' o'zlerin qolinan keletug'in jumislardi o'zlerine tapsiriw, o'zin-o'zi basqariwdi sho'lkemlestiriw arqali ja'miyette ta'rbiyaliq tiykar saliw.

Tilekke qarsi bu'gingi ku'nde mekteplerde na'wbetshilikti sho'lkemlestiriw, kino, teatr, mu'zeylerge bariw, klasti tazalaw, bayramlar, ushirasiwlar t.b. lar o'tkeriw ele klass basshilarisiz o'tkerilmeydi, ta'rbiya bul bag'darda alip barilsa ta'rbiyashi-aktiv ku'sh, oqiwshi-passiv orinlawshi bolip qalip, oqiwshilarda baslamashiliq, sho'lkemlestiriwshilik uqsag'an iskerlik tu'rleri rawajlanbay qaladi. O'z betinshe islewge u'yrenbeydi, aqibetinde "Jetpiste de jeti jasindag'iday" bolip qaladi. Ta'rbiyaliq texnologiya ta'rbiya jumislarin birge basqariw ha'm o'zlerin-o'zleri basqariwg'a u'yretedi. Ta'rbiyani bul ta'rtipte alip bariw- ta'rbiyashinin' ta'rbiyag'a ma'sla'ha'tshi, ko'mekshi, baqlawshi sipatinda qatnasiwin talap etedi.

## 2.3. Aldin’g’i pedagogikaliq sheberliklerdi aniqlaw, bahalaw ha’m en jaydiriw

O’zbekistan Respublikasi rawajlaniwinin’ a’hmiyetli sha’rtlerinin’ biri kadrlardi tayarlawdin’ jetik sistemasin qa’liplestiriwden ibarat.Burin’g’I tayarlang’an qa’niygelerdin’ sho’lkemlestiriwshilik uqibi ha’m bilimlerinin’ bir qansha sayiz ta’replerinin’ bar boliwi, bilimlendiriw salasinin’ siyasiy qisimda qaliwi, ha’zirgi zaman talabina say qa’nigelerdi tayarlaw imkanin bermedi. Ja’miyet pedagogikaliq xizmet aldina jan’a maqset-bilimli, sap hu’jdanli, maman, erkin pikirlewshi, do’retiwshilik penen is alip bariwshi, o’z watanin su’yetug’in, ha’r ta’repleme jetik shaxsti qa’liplestiriw maqsetin qoyip otir.Jan’a maqsetke eski usillar, jollar ha’m qa’deler menen erisiw mu’mkin emes. A’lbette du’niyanin’ barliq ma’mleketlerinin’ oqitiw effektivligin ko’teriw ma’selesi qiziqtiradi. Ha’r bir ma’mleket o’z aldina qoyg’an maqsetlerinen kelip shiqqan halda en’ optimal bolg’an jollardi, oqitiwdin’ metodlarin ha’m qurallarin, pu’tin bir pedagogikaliq texnologiyasin jaratadi. Eski kadrlar tayarlaw sistemasinin’ mashqalasi ta’lim-ta’rbiya waziypzlarinin’ ko’pligi, ko’p variantlilig’I ha’m birdey emesligi halinda tiykarg’I qarama-qarsiliqlarg’a ushiraydi. Yag’niy qa’nigelerdi tayarlawdin’ sapasina qoyilatug’in talaplardin’,bilim da’rejesinin’ artiwi ha’m bilim aliwshilardin’ jeke o’zgesheligi ha’r qiyli boliwina qaramastan oqitiw sha’rayatlarinin’ ortasha halda qaliwi bir qansha unamsiz aqibetlerge alip keldi. Usinday kemshiliklerdi saplastiriw maqsetinde ha’zirgi zaman pedagogikasinda oqitiwdi o’zine ta’n belgili bir na’tiyjege kepillik beriwshi o’ndirislik-texnologiyaliq protsesske aylandiriw ila’jlari izlenbekte.Aldin’g’I pedagogikaliq ta’jiriybelerdi jetilistiriw boyinsha bir qansha bahalaw jumislari alip barilip atir.

Aldin’g’I pedagogikaliq ta’jiriybelerdi bahalawdin’ tiykarg’I maqseti. U’yreniw ma’selesi aktual tematikani aniqlaw, oqitiwshinin’ pedagogikaliq isi ha’m mektep praktikasinda actual ma’selelerdi sheshiwde erisken jetiskenlikler.

1. Oqiw protsessleri menen tanisiw- pedagogikaliq a’debiyatlar

2. Oqitiwshi ha’m mektep basshisi menen gu’rrin’lesiw- oqitiwshinin’ qol jazbalari menen tanisip shig’iw (metodikaliq hu’jjetler)

3. Mektep hu’jjetleri menen tanisiw, analiz jasaw- jas mug’allimlerge qosimsha metodikaliq tapsirmalar beriw(anketa).

XX a’sir pedagogikasinda usinday da’wir bolip oqitiw protsessin texnologiyalastiriw ko’p g’ana uriniwlar orin alg’an.50-jillardin’ ortalarina shekem barliq diqqat oqitiwdin’ ha’r qiyli texnikaliq qurallarin qollaniw ma’selesine ja’mlengen. Oqitiwdin’ texnikaliq qurallarinin’ imkaniyat sheginin’ artip bariwi oqiwshini pedagogikaliq sistemadan sig’ip shig’ardi ha’m onin’ ornin iyeleydi degen texnokratiyaliqpikir ju’zege kele basladi. A’lbette, ha’zirgi da’wirde de du’niya pedagogikasi oqitiwfdin’ texnikaliq qurallari ha’m olardin’ bilimlendiriw mu’mkinshiliklerinen imkani barinsha paydalaniwg’a ayriqsha diqqat awdarip otirg’anin ko’riw mu’mkin.Oqitiwdin’ texnikaliq qurallarinan paydalaniw arqali tek ko’lemli auditoriyani qamtiw, texnikaliq a’sbaplardin’ informatsiyaliq siyimlilig’in ha’m o’tkeriw uqiplilig’in arttiriw, oqiw informatsiyasin jetkeriw kanalin individuallastiriwg’a erisiw mu’mkin.

Ha’zirgi zaman ilimi ha’m texnikasinin’ jetiskenlikleri g’alabaliq informatsiya qurallari (oqiw kinosi, televedeniye) nan jan’a informatsiyaliq texnologiyalarg’a, EEM, informatsiya saqlawdin’ kompyuterlesken sistemasi, lazerli baylanis sistemasi h.t.b. o’tiw imkani beretug’ini ha’mmege ma’lim.Oqitiw protsessin texnikalastiriw ta’repdarlari oqitiw na’tiyjeliligin ko’teriw jollarin usinda dep esaplaydi.

Usinin’ menen qatar 50-jillardan baslap pu’tkil oqitiwdi jaratiwdin’ o’zine texnologiyaliq qatnasta boliw ju’zege kelgen.Yag’niy oqitiw protsessinin’ o’zin texnologiyalastiriw yamasa ta’lim texnologiyasi tu’sinigi ortag’a shiqti.Usinday tiykarda islengen birinshi qa’dem programmali oqitiw bolip, son’inan pedagogikaliq texnologiyanin’ basqa qurawshilari da og’an qosila basladi.Onin’ basil ideasi “toilq o’zlestiriwden” ibarat.programmaliqoqitiw tiykarin saliwshilardin’ biri B.F.Skinnerdin’ ko’rsetiwi boyinsha

- Oqiwshilardin’ oqiw materiyallarin o’zlestiriwge tiyisli is-ha’reketleri (oqiw xizmeti) qa’ddilerge (oqiw basqishlarina) ajratiladi (1).

- Ha’r bir basqishta oqiw materiyalinin’ belgili bir u’lesi toliq o’zlestiriledi (2)

- Oqiw materiyalinin’ o’zlestirilgen u’lesi tekserilip (3), keying u’lesti u’reniwge o’tiledi.

A’lbette, ha’r bir adam o’zinin’ pikirine iye boliwi mu’mkin ha’m biz pedagogikaliq texnologiyani jaratiw ushin oni AQSH, Yaponiya, Frantsiya yamasa basqa bir ma’mleketten alip keliw za’ru’rli degen pikirden awlaq bola otirip, alding’I pedagogikaliq ta’jireybelerdin’ tikkeley o’zin emes, al tajriybeden shig’arilg’an juwmaqti qarap shig’iwg’a boladi demekshimiz. Degen menen bul ma’mleketlerde bir qansha ko’p ta’jriybeler toplang’ani aniq. Ma’selen; AQSH 1961-jildan baslap “pedagogikaliq orayina” ha’m jurnalina iye, Vengriyada pedagogikaliq texnologiya 1973-jildan baslap massaliq xarakterge iye, O’zbekstan Respublikasinda “Jan’a pedagogikaliq texnologiya” 1997-jildan baslap endirilmekte. Oqtiwshilardin’ pedagogikaliq oy-o’risinen a’ste –aqirinliq penen orin alip kiyatirg’an bul tu’sinik eki ma’nide: birinshi-ha’zirgi zaman texnikasin oqitiwda qollaniw texnologiyasi, ha’m ekinshi- ta’lim-ta’rbiya protsessin ilimiy tiykarda quriw dep tu’sinilmekte. Bulardin’ ekinshisi haqiyqiy ma’nide pedagogikaliq texnologiya tu’sinigin aship bere aladi.

Jer ju’zlik UNESKO sho’lkemiqabil etken aniqlamag’a muwapiq “Pedagogikaliq texnologiya- adam ha’m texnika resurslarin, olardin’ o’z-ara

ta'sirin esapqa alg'an halda ta'limdi optimallastiriw maqsetinde oqitiw ha'm bilimdi o'zlestiriw protsessin tolig'I menen aniqlaw, jaratiw ha'm qollaniwdin' sistemaliq metodi". Pedagogikaliq texnologiyag'a bunnan tisqari bir qansha pedagog ilimpazlar ta'repinen berilgen aniqlamalarda bar. Ma'selen, pedagogikaliq texnologiya bul jeke adamdi (shaxsti) oqitiw, ta'rbiyalaw ha'm qa'liplestiriw nizamliqlarin o'zinde ja'mlegen ha'm na'tiyjeni ta'minleytug'in pedagogikaliq xizmet (N.Saydaxmetov) yamasa texnologiya-bul o'z ku'shin u'nemlew ha'm za'ru'rli na'tiyjege erisiw imkanin beretug'in mug'allimnin' jeke adamg'a oqiwshilar toparina da'l ta'sir etiw qurallarinin' sistemasi. (YU.P. Azarov).

Pedagogikaliq texnologiyalarinin' tiykarg'I belgilerine to'mendegiler kiredi:

- Konseptualliq- Pedagogikaliq texnologiya ma'lim bir ta'lim maqsetine erisiwdi tiykarlap beriwshi ilimiy konseptsiyag'a iye boliwi kerek
- Sistemaliliq- Pedagogikaliq texnologiya pu'tin bir sistema belgilerine (protsess logikasina, onin' qurawshilarinin' o'z-ara baylanisina, bir putinligine) iye boliwi tiyis
- Basqariwshiliq- diognostikaliq maqset belgilew, oqitiw protsessin proektlestiriw, basqishpa-basqish diognostikalaw, na'tiyjeni o'zgertiw maqsetinde ha'r qiyli qurallardan ha'm metodlardan paydalaniw imkaniyatina iye boliwi kerek
- Effektivlik- Pedagogikaliq texnologiyalar na'tiyjesi boyinsha effektiv, kem shig'im talap etiwshi, bilimlendiriw standartinin' ta'minleniwine (garantiya) kepillik beriwi sha'rt.
- Qayta o'ndiriwshilik - Pedagogikaliq texnologiyalar basqa adamlar ha'm basqa oqiw orinlari ta'repinen qollana alatug'in da'rejede boliwi tiyis.

Jan'a pedagogikaliq texnologiyalar pa'ninin' maqseti: Pedagogikaliq texnologiyalardi qollaniw ha'm jan'a Pedagogikaliq texnologiyalardi proektlestiriw boyinsha bilim ha'm ko'nlikpelerdi qa'liplestiriwden ibarat.

Al, pa’nnin’ waziypalarin:

- Pedagogikaliq texnologiyalardi qollaniw boyinsha ko’nlikpelerdi qa’liplestiriw.

- Jan’a Pedagogikaliq texnologiyalardi proektlestiriw boyinsha bilim ha’m ko’nlikpelerdi payda etiwden ibarat.

- Pedagogikaliq texnologiya psixologiya, pedagogika, pa’n metodikasi, Pedagogikaliq sheberlik pa’nleri boyinsha bilimlerdi ha’m olardin’ tig’iz baylanisin talap etedi.

Texnologiya- ko’rkem-o’nerde, ustashiliqta yamasa basqa qandayda bir jumista qollaniwshi a’mellerdin’ jiynag’i.

Pedagogikaliq texnologiya- oqitiw protsessin a’melge asiriwdin’ mzamunli texnikasi (V.P.Bespalko).

Pedagogikaliq texnologiya- oqitiwda jobalastirilg’an na’tiyjelerge erisiw protsessinin’ mazmuni (V.P.Volkov)/

Pedagogikaliq texnologiya- oqiwshi ha’m mug’allim ushin qolayli sha’rayatlardi so’zsiz ta’miyinlew menen oqiw protsessin proektlestiriw, sho’lkemlestiriw ha’m o’tkeriwdin’ jaqsi oylang’an detallarg’a iye birgeliktegi Pedagogikaliq xizmet modeli (V.M.Monaxov).

Pedagogikaliq texnologiya- bul ta’lim formalarin optimallastiriw maqsetinde adam ha’m texnika resurslarin inabatqa alg’an halda oqitiw, bilimlerdi o’zlestiriw protsessin jaratiw, qollaniw ha’m aniqlawdin’ sistemaliq metodi. (YUNESKO)

O’zin-o’zi ta’rbiyalaw o’z bilimin jetilistiriw.Ta’rbiya jumisinin’ na’tiyjeliligi oqitiwshinin’ o’z u’stinde ko’p islewine, iqlasina, ma’deniyatina, o’zinin’ pedagogikaliq bilimin udayina bayitip bariwina aytamiz. Oqitiwshi o’tmishtin’ jemisi emes, ol keleshektin’ negizin quriwshi adam. Adamlarg’a jol

ko’rsetiwshi, ja’rdem beriwshi adam bolip tabiladi. Adam o’zin-ozi biliwi basqariwi ushin o’z bilimin jetilistirip bariwi da’rka’r.

Pedagogikaliq texnologiyani tu’siniw bag’darlari:

- Ilimiy bag’darda- Pedagogikaliq texnologiya pedagogikaliq protseslerde oqitiwdin’ maqsetin, mazmuni ha’m metodalin u’yreniwshi ha’m de islep shig’iwshi pedagogikaliq ilimnin’ bir bo’limi sipatinda qaraladi.

- Protsessuallq- tu’sindiriwshilik bag’darda- Pedagogikaliq texnologiya jobalastirilg’an oqitiw na’tiyjelerine erisiw (maqsetlerin, mazmunin, metodlarin ha’m qurallarin) protsess tu’sinik beriwdi an’latadi.

- Protsessualliq xarakterlik bag’darda- Pedagogikaliq texnologiya texnologiyaliq protsessti a’melge asiriwshi, barliq jeke adamliq, instrumentalliq ha’m metodalogiyaliq qurallardin’ jumisin bildiredi.

Pedagogikaliq texnologiyanin’ du’zilisi:

- Oqiwdin’ mazmunliq bo’limi
- Oqitiw maqsetleri-uliwma ha’m konkret (dara)
- Oqiw materiyallarinin’ mazmuni
- Protsessualliq bo’lim- texnologiyaliq protsess
- Oqitiw protsessin sho’lkemlestiriw
- Oqiw xizmetinin’ formalari ha’m metodlari
- Oqiw materialin o’zlestiriw protsessin basqariw boyinsha mug’allim xizmeti
- Oqiw protsessinin’ diagnostikasi (boljawlari)

V.Fefelov ta’repinen ko’rsetilgen sxemag’a muwapiq Pedagogikaliq texnologiya 12 blog ha’m sistemalardin’ birligi sipatinda xarakterlenedi:

1. Bilim aliwshig'a qoyilatug'in talaplar blogi u'zliksiz ta'lim sistemasinin' ana ya'ki mina basqishinda oqiwdi qa'lewshilerge qoyilatug'in talaplar sistemasin an'latadi

2. Pitkeriwshinin' jeke adamliq modeli blogi ta'lim sistemasinin' ha'r bir basqishinda bilim aliwshinin' rawajlaniw ha'm bilim da'rejesine qoyilatug'in ja'miyetlik talaplardi sa'wlelendiredi.

3. Bilim aliwshinin' jeke adamliq blogi. Pitkeriwshinin' jeke adam sipatinda qa'liplesiwine ta'sir etiwshi faktorlardi ha'm onin' qa'liplesiw dinomikasin u'yreniwdi ta'lim aliwdag'I jeke adamnin' sanalarinin' rawajlaniw da'rejesin ha'm bag'darlaniwin sistemali tu'rde bahalap bariwdi sa'wlelendiredi

4. Oqiw sistemasi qan'iygeniy jeke adamliq modelinde ko'rsetilgen ka'siplik ha'm jeke adamliq sapalardin' effektiv tu'rde rawajlaniwina ha'm qa'liplesiwine ja'rdem tiygiziwshi Pedagogikaliq texnologiyanin' maqsetlerine ha'm waziypalarina sa'ykes oqitiwdi na'zerde tutadi

5. Oqiwshinin' jeke adamliq blogi ta'lim basqariwina sa'ykes profissionalliq ha'm jeke adamliq sanalrg'a ha'm usi sanalardin' rawajlaniw da'rejesineiye pedagogti na'zerde tutadi

6. Keri baylanis sistemasi qa'niygenin' jeke adamliq modelinde ko'rsetilgen o'lshemlerge jaqinlatiw maqsetinde ta'lim aliwshinin' jeke adam sipatinda rawajlaniwin, ka'siplik bilim ha'm uqipliliqlardi iyelew da'rejesin turaqli tu'rde qadag'alap, aniqlap bariw ha'm za'ru'rli du'zetiwlerdi endiriw protsessin an'latadi

7. Jeke adamnin' rawajlaniw ha'm talim aliwinin' sa'tliligin tekseriw, qadag'alaw sistemasi ha'r bir ta'lim aliwshinin' qabiletlerin aniqlaw ha'm oqiw xizmetin aktivlestiriw, rawajlandiriw ha'm oqiw na'tiyjesin qadag'alawdin' reyting sistemasi

8. Pitkeriwshilerdi attestatsiyalaw sistemasi- ta’limnin’ ha’r bir basqishinda pitkeriwshinin’ tayarliq sapasin aniq ha’m obektiv bahalaw metodlerinin’ metodikasinin’ Pedagogikaliq texnologiyada bar boliwinan’latadi

9. Diognostika sistemasi- Pedagogikaliq texnologiyani qollaniw barisinda ta’limnin’ ha’r bir basqishinda onin’ aldina qoyilg’an maqsetlerdin’ iske asiwin tekserip bariwdi na’zerde tutadi

10. Ta’rbiya sistemasi-Pedagogikaliq texnologiyanin’ bul qurawshisi huquqiy demokratiyaliq ja’miyet sharayatinda do’retiwshilik penen o’nimli xizmet alip bariwg’a uqipli, demokratiyaliq erkin pikir ju’ritiwshi joqari a’dep-ikramliliqqa iye jeke adamdi qa’liplestiriw ha’m rawajlandiriw maqsetine say ta’lim-ta’rbiya protsessindegi ruwxiy, emotsional, huquqiy h.t.b ta’sirlerdin’ jiyindisi.

11. Oqitiwg’a tan’lap aliw sistemasi ta’lim aliwdi qa’lewshiler arasinan Pedagogikaliq texnologiya tiykarlarina say keliwshilerdi tan’lawg’a ja’rdem beretug’in metodlar, a’meller ha’m metodikalardi sa’wlelendiredi.

12. Texnologiyaliq ta’minlew sistemasina sa’ykes Pedagogikaliq texnologiyag’a muwapiq oqiw metodikaliq ha’m basqa da didaktikaliq qurallar, materiallar, axborot sistemasi h.t.b. jaratiw ha’m qollaniwdi na’zerde tutadi.

Pedagogikaliq texnologiyalardin’ tiykarg’I printsipleri:

Qa’legen Pedagogikaliq texnologiya belgili bir metodologiyaliq talaplarg’a juwap beriwi tiyis.Ha’r bir Pedagogikaliq texnologiya belgili bir ilimiy konsepsiyag’a tayaniwi kerek.Pedagogikaliq texnologiya sistema belgilerine (protsesstin’ logikasinin’ barliq bo’limlerinin’ o’z-ara baylanisina, bir pu’tinligine) iye boliwi sha’rt.Pedagogikaliq texnologiya bir pu’yin sistema sipatinda basqarilatug’in boliwi kerek.Na’tiyjelilik- Pedagogikaliq texnologiya belgili bir ta’lim standartin ta’minlewine garantiya beriwi, shig’inlari boyinsha optimal, na’tiyjesi boyinsha

effektiv boliwi tiyis. Pedagogikaliq texnologiya basqa birdey tu’rdegi oqiw orinlarinda, basqa adamlar ta’repinen qayta qollaniw imkaniyatin beriwi tiyis.

# Juwmaq

Ilimpazlardin’ izertlewleri soni da’lilleydi, ta’jiriybeli oqitiwshilardin’ jeke qa’siyetlerinin’ arasinan oqiwshilar olardin’ quwanishli, ha’zilkesh xarakterin ayirip ko’rsetedi.Bul mug’allimge egerde balalar qatti sharshap, yamasa zerigip olardin’ diqqati ha’r jaqqa bo’linip, idirasip otirg’an jag’dayda klass atmosferasin jaqsi halg’a alip keliwge ko’p ja’rdem beredi (ha’zillesedi, ku’lisedi, qullasi balalardin’ diqqatino’zine tartadi).Bunday jag’dayda ol balalarg’a az g’ana dem beredi fikult minut o’tkeredi, kollektiv penen o’zlerinin’ en’ jaqsi ko’retug’in qosig’in ayttiradi.Kerisinshe kem ta’jriybege iye mug’allimler sabaq waqtinda mu’mkin bolg’an jerinde de balalarg’a ku’lisiwge ruxsat etpeydi, ta’rtipti buzip aliwdan qorqip, balalardin’ pa’tin qaytarip otiradi. Bunday mug’allimlerdin’ en’ bir jaman jeri onda tek yumor sezimnin’ (ha’zilinin’) joqlig’inda emes, al bul sezimnin’ oqiwshilarda payda boliwi onda oqiwshilarg’a degen dushpanliq qasliq sezimnin’ tuwiliwina alip keledi.

“Mekteptin’ quwanishli, qiziqli, ko’terin’ki ruwxina, dushpang’a kesentlikke qarag’anday etip qaraw, bul en’ u’lken qa’teshilik”.

Sabaqtin’ tempi (tezligi, pa’ti) mug’allim ushin tek xizmet ma’deniyati mashqalsi emes, al sabaqtin’ sapasi, ta’rtip mashqalasi. Oqiw xizmetinin’ tempi (pa’ti) loqari boliwi kerek, biraq oqiwshilardin’ jeterliktey da’rejede,sonliqtan da oqiw jumisinin’ joqari pa’tin qollap-quwatlaw ushin sheber mug’allimler oqiwshilarda a’meliy shinig’iw ha’m ko’nligiwlerdi ta’rniyalaw. Kem ta’jriybeli mug’allimler waqittan paydalana almay qaliwdan qorqip, oqiwshilardin’ mu’mkinshiliklerin ha’m olardin’ materialdi o’zlestiriw sapasin esapqa almastan sabaqtin’ tenpin ku’sheytiwge ha’reket jasaydi. Bunday sabaq ritmin buziw

oqiwshilardin’ kewil xoshlig’ina (normalnoe raboshee nostroenie) keri ta’sir jasaydi ha’m jaliqtirip jiberedi.

Jaqsi jumis temppin aniqlaw ushin to’mendegilerdi aytiwg’a boladi: ha’mmeni qanaatlandiratug’in ortasha sabaq tempin tabiw, oqiwshilardin’ jeke jumis formalarinin’ baylanisin izlestiriw, oqiwshilardin’ jeke jumis tu’rin o’zgertiw ha’m tu’rli formalarin oylap tabiw, waqitti mazmunsiz sariplawdi qisqartiriw. Sabaqta jumis tempin a’ste aqirinliq penen ku’sheytiw kerek.Sabaqtin’ tempi haqqinda ma’sele mug’allim ta’repinen tek jumis protsessinde g’ana sheshiledi.

Sabaqta o’zin-o’zi tekseriw. O’zin-o’zi tekseriw jas mug’allimnin’ pedagogikaliq uqiplilig’in rawajlaniwin tezletedi,ta’jriybeli mug’allimdin’ pedagogikaliq sheberligin o’zlestirip aliwina ja’rdem etedi. O’zin-o’zi analizlewi menen mug’allim sabaqta o’zin-o’zi basqariwdin’ ha’m o’zin-o’zi jetilistiriwdin’ qariwli quralina iye boladi, tabisli jumistin’ usillarin an’g’aradi, bul o’z gezeginde jumistan qanaatlaniwdi payda etedi, mug’allimnin’ ruwxiy ku’shin toliqtiradi.

Sabaqti analizlewdin’ to’mendegishe uliwmalasqan printsipleri basshiliqqa aliwg’a boladi.

Sabaqta isleymen dep uyg’arg’an na’rsen’ menen haqiyqiy orinlag’an na’rseni salistiriw;

Shamalag’an na’rsenin’ na’tiyjesi menen salistirip oqiwshilardin’ alg’a ilgerilew da’rejesin aniqlaw (bilimde, ko’nligiwde, rawajlaniwdw).Sabaqta oqiwshilar qizig’iwshiliq penen jumis isleyme- soni esapqa aliw.

Sabaqtin’ sapali ta’repi.Sabaqta berilgen tapsirmanin’ orinlaniwin bahalawda oqiwshilar ta’repinen bilim, uqipliliq ha’m ko’nligiwlerdin’ qanday da’rejede o’zlestirilgenligi ma’lim boladi.

Sabaqtin’ sapali ta’repin aniqlaw-bul mug’allim ushin sheberlik mektebi, sabaqti sho’lkemlestiriwde anag’urlim man’izli usillar ha’m metodlardi an’li qollaniw sharayati bolip tabiladi. Ol sabaqta nenein’ sa’tli bolg’anin ha’m nenin’

sa’tsiz bolg’anlig’in,bul sa’tsizliktin’ qalay kelip shiqqanlig’in ha’m oni qalay saplastiriw kerek ekenligin ko’re aladi, ped.sheberlikti joqarilatiw ushin neni rawajlandiriw ha’m bekkemlew kerek ekenligin bile aladi. Sabaqtin’ sapasin to’mendegi sxema menen an’latiwg’a boladi: tapsirmani soraw-tu’sindi’riw-bekkemlew-uyge tapsirma beriw.

Pedagogikaliq texnologiyalardin’ tiykarg’I printsipleri:

Qa’legen pedagogikaliq texnologiya belgili bir metodologiyaliq talaplarg’a juwao beriwi tiyis.Ha’r bir Pedagogikaliq texnologiya belgili bir ilimiy kontseptsiyag’a tayaniwi kerek.Pedagogikaliq texnologiya sistema belgilerine (protsesstin’ logikasinin’ barliq bo’limlerinin’ o’z-ara baylanisina, bir pu’tinligine) iye boliwi sha’rt.Pedagogikaliq texnologiya bir pu’tin sistema sipatinda basqarilatug’in boliwi kerek.Na’tiyjelilik- ped.texnologiya belgili bir ta’lim standartin ta’minlewine garantiya beriwi, shig’inlari boyinsha optimal,na’tiyjesi boyinsha effektiv boliwi tiyis. Pedagogikaliq texnologiyanin’ basqa birdey tu’rdegi oqiw orinlarinda, basqa adamlar ta’repinen qayta qollaniw imkaniyatin beriwi tiyis.

# Paydalanilg’an a’debiyatlar


1. I.Karimov. Barkamol avlod O’zbekiston taraqqiyotining poydevori. T.SHarq,1997
2. O’zbekiston Respublikasi Kadrlar tayorlash Milliy da’sturi. T.SHarq.1997
3. Q.I.Ru’ziev. Ilg’or pedagogik texnologiyalar. Tashkent 2003 yil.
4. N.Sayidaxmedov “Yangi pedagogik texnologiyalar” Tashkent 2003yil.
5. J.G.Yuldoshev, S.A.Usmonov. Yangi pedagogik texnologiyalar. Qo’llanma, Tashkent “O’qituvchi”,2004yil
6. J.G.Yuldoshev, S.A.Usmonov. Yangi pedagogik texnologiyalar. Qo’llanma, Tashkent “O’qituvchi”,2004yil

7. Yangi pedagogik texnologiyalar. Metodik tavsiyanoma. Tuzuvchilar I.A.Karimjonov, L.M.Glinyanova va boshq. Toshkent 2002yil.

8. V.I.Minina materialovedeniye dlya stolyarov i plotnikov. (Ser. “Uchebniki XXI veka”) -Rostov n/d: izd-vo “feniks’,2000

9. Q.T.Olimov, L.P.Uzaqova va boshqalar. Maxsus fanlarni o’qitish metodikasi. T.Fan.2004.

10. Farberman B.L., Musina R.G. Metodicheskie rekomendatsii po proektiroveniyu i realizatsii pedagogicheskix texnologiy (V 2x chastiyax). Toshkent, “TSPIUL”,2002

11. Selevko G.K. sovremennie obrazovatelniye texnologii.m.,2000g.

12. Selevko G.K. Opt sistemnogo analiza sovremennix pedagogicheskix system.-M,., 1996g.

13. Klarin M.V. Pedagogicheskaya texnologiya. -M.1989g.

14. Yudin V.V. Pedagogicheskaya texnologiya. –Yaroslavl,1997g.

15. Q.Q.Mamedov, G.J.Berdiev. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. Tashkent.2003.

16. Azarov Yu. P. “Balalardi su’yiw sanaati” T-1992j.

17. Zyazyun I.A. “Osnovi pedagogicheskogo masterstva” M-1989

18. Radjapov S. “Mutaxassislikka kirishish” T-1991

19. Lvova Yu.L. “Mug’allimnin’ do’retiwshilik laboratoriyasi. Jumis ta’jriybelerinen” M-1985j

20. Shatalova V. F. “Ku’shler qay jaqqa ha’m qalayinsha jog’aladi” jumis ta’jriybelerinen. M-1979j

21. Karatov V.M. Birinshi sabaqqa baratug’inlarg’a M-1971j

22. Klarin M.V. Pedagogicheskaya texnologiya. -M.1989g.

23. Sayidaxmedov N. “Yangi pedagogik texnologiyalar” Tashkent “Moliya,2002”

24. Yudin V.V. Pedagogicheskaya texnologiya. –Yaroslavl,1997g.

25. Q.Q.Mamedov, G.J.Berdiev. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. Tashkent.2003.

26. Azarov Yu. P. “Balalardi su’yiw sanaati” T-1992j.

27. Zyazyun I.A. “Osnovi pedagogicheskogo masterstva” M-1989

28. Radjapov S. “Mutaxassislikka kirishish” T-1991

29. Lvova Yu.L. “Mug’allimnin’ do’retiwshilik laboratoriyasi. Jumis ta’jriybelerinen” M-1985j

30. Shatalova V. F. “Ku’shler qay jaqqa ha’m qalayinsha jog’aladi” jumis ta’jriybelerinen. M-1979j

31. Karatov V.M. Birinshi sabaqqa baratug’inlarg’a M-1971j

32. O’ Alewov Qaraqalpaqstanda pedagogikaliq oy-pikirlerdin’ qa’liplesiwi ha’m rawajlaniwi. No’kis. “Bilim” 1993.

33. O’ Alewov. Jan’a pedagogikaliq texnologiya-oqitiw texnologiyasin hareketke keltiriwshi ku’sh. RITKM. No’kis. QMU.2011. 3-12 betler.